TIDAK DIPERJUAL BELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

1169

Ain Eta

karangan MOH. AMBRI



B.P
BALE-POESTAKA
BATAVIA-C.

PNRI bp Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Ss

Serie No. 1169
PERPUSTAKAAN

LAINETA

KARANGAN

MOH. AMBRI

TJITAKAN KADOEA

1940
BALE POESTAKA
BATAVIA-C.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

Hak noe ngarang disĕngkĕr noeroetkeun artikĕl 11 tina wet, noe kaoeni dina Stbl. 1912 No. 600

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

I. PAPANGGIHAN.

„Ikĕm ! Ikĕm !" saoer Neng Eha.

„Kaaah," tembal noe disaoer ti pangkeng dapoer.

„Enggeus ?"

„Parantos."

„Hajoe atoeh."

„Mangga."

Djoet Neng Eha loengsoer ti emper poengkoer, toeloej angkat ngalanggeor, gĕblaj-gĕblaj keupat sabeulah, da panangan noe kiwa ngeupeul tas. Kawantoe tĕdak Tjiandjoer, aloes laoer hade ome, djangkoeng leutik tjampĕrĕnik, keur sĕdĕng roemadjapoetri, salira teu atjan djadi, karek ngeusi matoet istri, laleungit parasagina. Angkat ti pipir ka boeroean djol ka djadjahan, tĕroes ka djalan gĕde. Ti boemi nĕpi ka djalan angkatna bari toengkoel dangah. Keur toengkoel sĕmoena loenggoeh, eukeur dangah sieup anoe lĕndjang gandang. Tapi geus di djalan gĕde hĕnteu dangah, tĕroes toengkoel bae. Loedeung soteh dangah tadi mah di djĕro keneh lĕmboer, teu aja pikaisineun. Ari panganggona basadjan, raksoekan paris aboe-aboe kotak-kotak, sindjangna banjoemasan boeatan Tjiamis geus lalajoe sĕkar, hĕnteu midang teu disalindang pilakadar bade ka toko, ngagaleuh bĕnang. Tapi sanadjan hĕnteu ngaginding oge, hĕnteu wĕleh matak loetjoe, da sieup, raksoekan djeung sindjang estoe adoena. Teu disĕlop nambahan sari, sampean kokolenjajan, indoeng-soekoena hariroep, saban rek ngalengkah tjĕngkat. Tjatjakan moerangkalih keneh geus iasa disanggoel, gĕloeng gĕde rada lear, bangoenna ĕndog sapotong, djiga kĕndor tapi pageuh, noe mashoer sanggoel Tjiandjoer, asak pangwarah iboena. Ari Sarikĕm, rentjangna ngiring ti pandeuri. Beres barang-pakena mah, nadjan anoe dipakena geus baroeroek oge. Da rek ditjandak ka toko koe doenoengan njisiran heula, badjoe samping disalin koe noe bĕrĕsih beunang njeuseuh manehna. Dikarembong-batik, ngais pajoeng Siĕm.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Badan Pustaka

Noe diiring djeung pangiring saroea pada landjang djěkekan. oemoerna ogé kitoe pakokolot soepa, moal padjaoeh. Sarikěm goreng patoet, tapi matak rěsěp, amis boedi djeung saomong-omongna pikaseurieun. Leumpang djongdjon, goentrěng těroes.

Něpi ka djoeroe aloen-aloen Neng Eha mengkol ngaler, djalan ka hareupeun masigit, ti djoeroe kaler tjěpět ngetan, ngadalingdeu angkat mapaj sisi djalan beulah kaler.

Ti parapatan mengkol ngaler boes ka toko, teu lila bidjil deui, madjoe deui boes deui ka toko sedjen. Ari rek moelih mapaj djalan sisi wetan, kekengingan baranggaleuhna diais koe Sarikěm, pajoeng Siěm tea didjingdjing. Lěbah toko ,,Sinar Soenda" Neng Eha ngaranděg, ngareret ka djěro, bět kawas aja noe narik, sěmoe teu poeroen, tapi těroes aboes. Sarikěm ngadagoan di lawang toko njanghareup ka djalan.

Panganggoeran Neng Eha ningalian renda-renda, soegan aja noe bogoh, pedah aja keneh doeit sesa ngagaleuh běnang. Sabot keur kitoe rěg di hareupeun toko aja nonoman doeaan taroenggang kareta-měsin liren, panganggona kaajeunakeun, ngaranggo dasi rereng, dikopeah boeloedroe hideung.

Tjek noe saoerang : ,,Di dieu rek barang beuli mah, Moed, langganan sarerea."

Tembal noe saoerang deui : ,,Wah, barangbeuli mah di mana bae kasoekaan oerang."

Tjek noe ti heula : ,,Ih poegoeh, tapi oerang dieu kasoekana ka dieu."

Didjawab deui : ,,Ah, geuning itoe loba deui toko sedjen, parajoe deui sigana."

,,Ih, njěboet oerang dieu soteh lain kabeh, babatoeran oeing."

,,Euh, atoeh ....."

Mahmoed teu těroes ngomongna kaboeroe ret ka djěro, ningali noe herang, ngabadoeg ka sobatna, R. Bahroem.

R. Bahroem : ,,Hěěh, noe soeka ka dieu, oerang dieu, batoer oeing sadajeuh."

Noe boga toko mapagkeun sarta ngomong, da wawoeh ka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Bahroem : „Aeh Aden, mangga lĕbĕt. Euleuh parantos lami nakĕr tara soemping ka dieu."

R. Bahroem : „Wah akang mah, kamarina oge ti dieu apan."

Noe boga toko : „Ja Alloh, Aden, toekang dagang mah teu disoempingan sadintĕn teh asa diapi-lainkeun. Kalĕrĕsan soemping teh, tadi nĕmbe pisan moeka kintoenan dasi marodel, teu atjan aja di noe sanes mah. Ieu teh nĕmbe tjonto ti Paris, toelen Aden, sanes Paparisan. Geura mangga ieu tingalian. Lah, di Aden mah sadajana sieup."

R. Bahroem : „Tjing-tjing-tjing ningalan. Ke Moed, kĕrah mah gampang. Ieu etaeunana, lah, sarina."

Sabot noe boga toko galetjok djeung Bahroem, Mahmoed mah ret deui-ret deui ka noe keur milih renda. Tariking daja raga mĕtoe tina galih djadjaka soemĕdĕng mĕnter, sĕr tĕrĕtĕt kana manah noe geulis, ngĕlĕtĕr lĕbĕting raos, siak rarajna sakĕdep netra, rĕj deui beureum, katawis tjĕpilna eutjeuj. Sihoreng tadi oge barang djoet tina kareta mĕsin, noe di djĕro mah geus awas. Sakilat geus waspada, geus ngadjĕngleng saadĕgna sadjĕroning tjipta. Tjipta rasa noe ngalenggang ditoetoerkeun bajoekama (1) kahoeripan, seot srĕt, siak rĕj, tĕrĕgtĕg toeloej dagdigdoeg.

Naha ?

Kapan lĕbah lawang Mahmoed tas ngabadoeg sobat, ngareret ka lĕbah kĕmbang, tĕpoeng tingal, teu disangka baris saroea tarikna, ari djĕprot teh ieu njĕblak, itoe ngalĕnjap.

Koe sabab Neng Eha geus teu poegoeh raraosan, asa digareuwahkeun koe noe saroemping ningalian dasi, moendoetna djeung milihna renda teu rineh, nadjan papahare oge, da djoeroeladen lain saoerang. Tambah tagajoer manahna, barang Mahmoed ngadeukeutan, pok mariksa pisan : „Ngagaleuh naon, Ĕneng ?"

Neng Eha ngawalon meh ngaharewos, toengkoel bari imoet, imoet saimoet-imoetna, lain ngadjak imoet ka noe mariksa. Koe batoer mah saoer Neng Eha taksiran di kareungeuna oge ngan oekoer ..... ser ..... ren, ..., tapi koe Mahmoed mah tĕgĕs pisan „meser renda" tjĕnah.

(1) Bajoe = angin, kama = doeriat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Sok doeit, renda beunang moengkoes ditampa, toeloej goeragiroe indit. Sarikĕm mani ngarendjag, keur ngalamoen ditoël diadjak moelih. Njeuleukeuteuk seuri ngeunah, noetoerkeun doenoengan ngintjid, leumpang rada katinggaleun, ngagĕro menta diantosan maksoedna, pokna : „Ja Alloh, Ĕneng ieu abdi."

Neng Eha : „Leumpang tea goemeulis teuing."

Ikĕm : „Ja Alloooh, Ĕneng sanes goemeulis, kirang oli sanggĕm kang soepir mah pangintĕn."

Neng Eha : „Meudjeuhna teuing, tjing sing gantjang atoeh, tjara sireum bae."

Ikĕm : „Lah, Ĕneng atoeh oelah njeuseul, ieu oge parantos dibere gas."

Neng Eha : „Kalah ka omong wae, ari leumpang ngeujeup."

Ikĕm : „Ja Alloooh, na kirang koemaha ? Ieu tjetjekolan parantos ngeor, toeoer bade lalotjotan."

Neng Eha : „Ari omong-omongan teh ....., ..."

Ikĕm : „Adoeh Ĕneng, tjing sing hawatos, teu biasa abdi mah doedoeroegdoegan tjara dioedag badak kieuh. Aja soteh badak poetih di Pamojanan baheula tjariosna, ajeuna mah teu aja tapaktapakna atjan, kandangna oge sok diaranggo ngarĕrĕb koe menak-menak noe bade ka kawah wartosna."

Sarikĕm gantjang, Neng Eha rada kĕndor, djadi tereh kasoesoelna.

Neng Eha : „Naon si Sarikĕm teh make loslos kana badak sagala."

Ikĕm : „Soemoehoen Ĕneng, teu sieun koe badak abdi mah da ....."

Neng Eha : „Da naon ?"

Ikĕm : „Da teu aja, sieun soteh koe noe toenggang kareta mĕsin."

Neng Eha : „Wah, naha make sieun ?"

Ikĕm : „Geuraheun Ĕneng, da sok ngareureuwas, teu wawoehwawoeh nanja."

Neng Eha : „Naha ditanja-tanja bae make reuwas ?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Ikĕm : „Doeka, da sasarina sok njĕwoek oge, ari.tas aja noe mariksa teh abdi mah sok ngadadak ....." .

Neng Eha malik, tjĕlĕtot njiwit, saoerna : „Jej, njindiran."

Ikĕm : „Adoeh Ĕneng, sok kitoe ih, tjeurik wae geura ieuh."

Neng Eha : „Pek ..... pek ....."

Ikĕm : „Hihihihih ..... ah moal, sieun teu dioepahan koe ..... koe ....."

Neng Eha : „Koe saha tjing ?"

Ikĕm : „Koe saha bae."

Neng Eha: „Ja Alloh, teu njana teuing, tjaoe ambon dikorangan, malati ka pipir-pipir."

Ikĕm : „Ja Alloh tobat Pangeran, pirakoe teuing Ĕneng, nanggoeng salajan, masina doenoengan Ikĕm teh sanes ermawar."

Neng Eha : „Jej, naon si Eta teh."

Djĕlĕtot deui Sarikĕm ditjiwit.

„Pek moen ngadjangdjaroehkeun deui, ditjiwitna leuwih tarik," saoer Neng Eha.

„Mangga wae, ari parantos teu karoenja, teu njaah mah ka Ikĕm, parantos teu kĕrsa diiring koe Ikĕm."

„Rek poendoeng, njah ?"

„Poendoeng wae."

„Ka mana poendoengna ?"

„Ka saha wae noe njaaheun."

Keur djongdjon goentrĕng, teu karasa geus deukeut ka lawang masigit, kirining kareta-mĕsin, noe keur leumpang ngalalieuk, ari beh noe tadi tea ngadjak imoet, ngoenggeukan djeung mariksa : „Bade moelih ?"

Nadjan noe mariksa sorana alon, da kareta-mĕsin kĕndor, djeung larna ka gigireun teu sabaraha anggangna, tangtoe tetela karoengoena. Noe dipariksa teu koengsi ngadjawab, kareta-mĕsin kaboeroe ka ditoe manten, saoekoer imoet keur pareret, pangoetjap mah kagĕbah ngalĕlĕp deui koe njĕblak, ngan rĕj bae pameunteu beureum, tjĕpilna eutjeuj nambahan manis.

Sarikĕm awas, pok ngomong : „Lah, na aja ngareureuwas. Moen teu sieuneun koe pajoeng meureun ngagilisir pisan."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Neng Eha : „Ja Alloh, heueuh, koe teu kira-kira, nja."

Ikēm : „Tah, naon ari kitoe ? Tjek abdi sieun koe ....."

Neng Eha : „Pek ..... pek ..... sia geus mimiti deui."

„Moal ah," tembal Ikēm, „bade ngabētēm, ngabisoe ajeuna mah, masing ditjandak sasaoeran oge, bade repeh bae. Tjoemah njanggēm oge, lēpat bae."

Neng Eha ngadilak, Sarikēm manjoen, baeud mani bakētoet. Tapi dasar Ikēm beuki seuri baeudna teu lila, tjikikik deui seuri bari ngadjak mengkol ka lawang masigit. Doenoenganana noeroet, djadi moelihna teu mapaj djalan oeroet tadi, da ajeuna mah ka gigireun masigit. Ti lēbah dinja hēnteu hese neangan djalan, kawantoe Neng Eha oerang Kaoem, poetra kalipah.

Dēmi noe taroenggang kareta-mēsin laliren di hareupeun toko di djoeroe Kaoem, mēgat-mēgat noe ngalangkoeng bēt euweuh lar.

Mahmoed : „Ka mana losna nja ?"

R. Bahroem : „Moal ka mana, tangtoe mengkol ka lawang masigit, da oerang Kaoem."

Mahmoed : „Naha atoeh Oem, ngadjak mēgat lēbah dieu ?"

R. Bahroem : „Da sasarina sok ka dieu ngaliwatna."

Mahmoed : „Moen tadi teh oerang eureun lēbah dinja, meureun kapēgat."

R. Bahroem : „Hih, ari noe doesoen."

Mahmoed : „Ieu teh bidjilan Batawi sakadarna, disēboet doesoen."

R. Bahroem: „Hih, doesoen mah doesoen bae masing ti Batawi, ti mamana oge. Ka oerang dieu mah koedoe lantip, hade basa, koedoe soerti ati-ati tjēnah, sabab oerang dieu ahli basa, ahli sindir, ahli silib, ahli siloka, tara beunang ditaragal, oelah disasaroeakeun djeung di Batawi atawa di noe sedjen, kapan — lah, naon tjena geuning, make tjiri-tjiri boemi kitoe — saoer sēpoeh oge."

Mahmoed : „Poēkeun ka noe kararitoe mah, da teu diadjar. Tjing-tjing toeloejkeun, goena ieuh."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

R. Bahroem : „Bangsa didinja paling aloes disĕboet tjoenihin."

Mahmoed : „Tjoenihin ..... tjoenihin ....., ĕnja sok ngadenge, tapi teu njaho ari maksoedna noe saĕnja-ĕnjana mah."

R. Bahroem : „Poeroenjoes ditambahan rehe."

Mahmoed : „Oeing Oem, tjoenihin teh ?"

R. Bahroem : „Heueuh, lamoen teu sabar djeung kasar."

Mahmoed : „Hajoe ah, oerang ngidĕr deui, soegan bae manggih noe rada lindeuk." Bari tjlak kana kareta-mĕsin doeanana.

„Moal aja noe lindeuk laoek di waloengan mah."

Mahmoed : „Oeseupan hajoh."

„Maroekan teh ari ngoeseup babari. Loba noe beak eupanna, oeseupna taak, talina pĕgat, laoekna lapoer."

„Na nja kitoe ?"

„Teu pĕrtjaja mah tanjakeun ka toekangna."

„Teu rek goegoeroe ngoeseup, pagawean noe ngĕdoel."

„Oelah roesoeh tjatjawad bisi tjara tadi."

„Ĕnja, Oem, koemaha nja, hajang wawoeh djeung noe tadi."

„Tah Moed, oerang dieu mah lain kitoe pokna."

„Har, apan ieu mah ngomong lain ka noe sedjen, Oem."

„Heueuh, masing ka sobat, ka kawawoehan oge. Oeing di dieu teh geus tiloe taoen, teu pati loba kanjaho, sangkilang tjampoer djeung oerang dieu koedoe koemaha. Taeun Moed, oerang dieu mah djadi koelit djadi daging kana isarah, silib, sindir teh. Ti leuleutik geus dipitoemanan, ngadenge ti kolot. Ari oerang kakara dĕk diadjar sambian, da teu beunang didoekdoek, kapanggihna koedoe koe loeang. Kaharti tadi noe boga toko moedji dasi. Doea roepa maksoedna etah. Moedji daganganana bari moedji noe geulis, parawan keneh. Tjena geuning, satorodjolna ti Paris, nĕmbe diboeka, teu aja di noe sanes. Tah, didinja teu bisa miloe ngomong tadi, ngan ngeujeup wae, ngamaenkeun mata. Ingĕt ka noe di Pasar Gambir, noe nawarkeun sigaret Mac Gillavry."

Mahmoed: „Meugeus ah, lain hajang dipojok, hajang dibantoean sangkan kaoentoen tipoeng."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

R. Bahroem : „Bongan atoeh tadi, nembongkeun maneh djadi toekang tjegek. Ajeuna geus doea poë di dieu, make bidjil kaoentoen tipoengna. Iraha rek balik teh ?"

„Tadina mah hajang isoekan, da memeh ka Batawi koedoe ka Bogor heula doea poë mah deuih."

„Iraha asoep deui sakola ?"

„Lila keneh Sënen hareup. Tapi geus diatoer kieu tadina : isoekan balik ka Soekaboemi, tëroes ka Soekanagara ka Sindangbarang. Sënen, Salasa, Rëbo, Këmis, toeh Djoemaah pasosore datang deui ka Soekaboemi. Saptoe isoek-isoek ka Bogor, Ahad pasosore balik ka Batawi. Sënenna sakola. Beak pakansi teh."

„Moen teu rek loslos ka leuweung mah, doea poë deui di dieu. Rek ngala naon make ka Sindangbarang sagala. Mënding moro di dieu. Soegan wae badak poetihna teu galak."

„Lah, poegoeh Oem, ngan ieu wae koe geus djangdji. Siga naon moen tjidra teh."

„Lain, isoekan balik teh paboeboerit. Deukeut ieuh ka Soekaboemi mah, ëntong soesah. Soegan bae isoekan ngalajoeng deui."

„Lah Oem, koemaha atoeh, nja ?"

„Har, kapan bieu ditjaritakeun, na teu kadenge."

„Lain, lain eta, koemaha hajang tëroes wawoeh."

„Naha atoeh tadi make ngadjak ngilik-ngilik noe rada lindeuk, rek neangan deui lain ?"

„Ah, keuheul wae tadi mah, handeueul, mëgat-mëgat, ari taeun ngaboelasin."

„Lamoen lëmpëng mah oerang toempak kareta-mësin teh geus djaoeh Moed, paingan teuing tjape. Tadi indit teh poekoel satëngah gënëp koerang sapoeloeh, ajeuna poekoel toedjoeh koerang lima, sadjam satëngah leuwih saeutik."

Sakitoe idër-idëranana, djalan kota Tjiandjoer katintjak kabeh, teu karasa koe pana tjarita. Eta noe ditoeliskeun pondokna, diboeroe përkara noe ngantet djeung papanggihanana.

„Di bioskop oerang ngaso, Oem. Aloes gambarna ?"

„Aloes soegan."

„Aloes di dieu, lain aloes Batawi, nanjakeun soteh."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

„Geuning geus tjorengtjang, geus arasoep meureun, tapi atjan maen mah, tjaang keneh toeh di djēro."

Kareta-mēsin sok ditoenda, di tēmpat neundeun ; aja noe ngadjagana di dinja, nampanan kareta-mēsin bari ngasongkeun nomēr, soepaja oelah pahili, gampang njokot.

Den Bahroem djeung Mahmoed hēnteu tēroes ngagaleuh kartjis, ka toekang sirop heula, hanaang. Doeaan papajoen-pajoen, tjalik dina bangkoe pandjang. Sabot ngantosan sirop, njoesoetan karingēt tina raraj, tina tēnggēk, disēlang-sēlang koe ngiplik-ngiplik raksoekan.

Tas ngalaleueut tēroes lalēbēt ka bioskop, tapi Mahmoed hēnteu laladjo, gawena ngan loeak-lieuk bae ningalian noe herang-herang, dibanding-bandingkeun djeung noe kapanggih tadi beurang. Dilamoenna Neng Eha aja di dinja, dipapantēs lēbah ditoe tjalikna, pek diawas-awas ka lēbah dinja, teu aja. Ngalamoenna oepama diwangoen tjarita djadi sababaraha landjaran, djadi lalakon gambar mah nēpi ka ēnggeusna teh teu kaharti sēlang-soeroepna, bagian noe matak loetjoe dipake njaroengsoem lalamoenan. Pantēs djadi teu poegoehna teh lalakon gambar ditjaroek djeung lalakon sorangan dina panglamoenan.

Boebar bioskop nonoman teh maroelih, teu nolih ka noe lian, sadjadjalan goentrēng badami, neangan pidjalaneun soepaja Mahmoed bisa wawoeh djeung oerang Kaoem.

Mahmoed: „Oem, kitoe-kieuna mah teu ngaborongkeun, oeing mah njaho di beres bae."

Den Bahroem : „Sanggoep teu sanggoep, Moed."

Mahmoed : „Ari kitoe mah teu bela ngaranna."

Den Bahroem : „Lain teu rek bela, ngan ....."

Mahmoed : „Ngan naon. Ēntong make ngan. Potret mah ēngke ti Batawi dikirimkeun."

Den Bahroem : „Koedoe sabar, sabab beda deui djeung hajang wawoeh koe ngadjak dangsa."

Katjaritakeun Mahmoed geus di Batawi deui sakola. Ti barang datang tara ngagēdekeun oelin, sabab kana samēn panoetoep tempona ngan kari opat boelan deui. Dina ngalamoenna mah

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI Balai Pustaka

geus djadi arsitek. Kaloear ti sakola, boga diploma K. W. S., tĕroes digawe djadi leerling-opzichter, djadi O. O., naek djadi opzichter, naek-naek nĕpi ka djadi Hoofdopzichter. Digawe dibaroeng djeung diadjar, miloe samĕn arsitek, meunang. Tah, geus boga diploma mah nĕpi wae kana milik diangkat kana arsitek. Koe lamoen mah ngan sadjorelat tina moerid K. W. S. kana arsitek, geus djadi.

Njoeratan ka Tjiandjoer geus doea kali. Noe mimiti walonanana kakara meunang katĕrangan : Neng Eha teh saĕnjana mah Ĕnden Saleha, poetra djoeragan Kalipah Kota. Kaloearna ti sakola geus doea taoen. Sakolana di H. I. S. ngan nĕpi ka tamat di kĕlas gĕnĕp, hĕnteu meunang ditĕroeskeun koe ramana. Ganti lalakon diadjar kana karadjinan istri, ngapoet ngabĕdah, njoelam, ngabordel djeung sapapadana, noeloejkeun pangadjaran keur di H. I. S. Tapi diadjarna hĕnteu ngawoengkoel ka dinja, dibaroeng djeung diadjar ngadji.

Mahmoed diwawaas koe Den Bahroem, dipangngaoskeun koe noe manis lagoe Mĕsir, lagam Tjiandjoer, moal teu ngagolepak ngahenen pĕler.

Walonan soerat noe kadoea hĕnteu pandjang tjara noe ti heula, ngan nĕrangkeun kakara bisa njantel nji Ikĕm, soepaja beunang dipake peupeuntasan, dililindeukna koe landjang Den Bahroem. Lain landjang Den Bahroem saĕnjana mah, da Den Bahroem mah noempang, tapi koe sabab dikawoelaan oenggal poë geus asa ka rentjangna koe andjeun, beunang dibawa sarasiah, si landjang nja kitoe geus teu asa-asa njĕboet doenoengan, da kabeuli hatena, djeung sok aja pirilikna pĕrĕsen. Ari ĕntas ti Soekaboemi moelih pĕrĕlop tara lali ngirim ĕntjit, pameuli hate.

II. HADE PAANGGANG.

Satĕroesna anggĕr heuleut doea minggoe Mahmoed djeung Den Bahroem silihsoeratan. Oenggal soerat walonan ti Tjiandjoer koe Mahmoed dinoměran, ditjatĕtkeun titimangsana, soerat-soeratna dientep diboekoekeun. Goear-goeareun djaga madjarkeun teh.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Lamoen geus ngarangkĕp, dina salse-salse koe Eha sina dibatja tjenah.

Dina soerat nomĕr lima Den Bahroem mopojankeun potret geus nĕpi ka noe didjoegdjoeg. Rada pandjang ditjatoerkeunana lalakon potret teh. Koe Den Bahroem dipasrahkeun ka bi Oeti, rentjangna tea, ti dinja pindah ka nji Ikĕm. Koe nji Ikĕm dibabawa, diboeni-boeni. Ari bongoh ti batoer sok diilikan, didangdak-dengdek, dipoedji, disoehoen, amplokna mani koetjĕl. Ari lain rek ka tjai mah, rek njeuseuh atawa koekoembah, tara tinggal. Djeung ari ti peuting dimana manehna rek sare diasoepkeun kana kaleng wadah kĕrĕnak-kĕrĕnik nji Ikĕm, diteundeun dina galar. Meunang sababaraha lilana dikĕbĕn-kĕbĕn bae, tatjan manggih tempo anoe salse, ngahatoerkeun potret padoedoeaan.

Parĕng wae dina hidji peuting wantji isa Neng Eha njaoer Ikĕm, moendoet dibantoean njĕkĕlan lawon noe keur dibĕdahan. Salse teu aja sasaha. Ramana ka masigit sarta rek tĕroes angkat ka noe tahlilan, iboena di dapoer keur ngadodol, ari maroerangkalih di emper hareup keur ngaradji.

Tjek Ikĕm dina hatena : „Nja ajeuna mangsana djagan, noe loetjoe, dipangkon koe doenoengan abdi."

Bari djoeng nangtoeng rek ka dapoer deui, potret sina ngolosod, ploek ragrag.

„Iih," tjek nji Ikĕm, „djimat moerag." Bari kop ditjokot deui. Koe sabab amplok teu dirapĕt, ari ploek teh atoeh potretna tembong saeutik."

„Ilih-ilih, si Ikĕm boga noe kitoe. Tjing ngilikan," saoer Neng Eha.

Ikĕm : „Ah, oelah Ĕneng, bisi ....."

Teu toeloej ngomongna kaboeroe didjewang potretna tina leungeunna. Ari beh ditingali, sidik noe sok dilamoen tea, sĕblak manahna, beh djinisna katingali deui keur asoep ka toko, katingali keur toenggang kareta mĕsin, kadangoe deui harewosna mariksa, ngagaleuh naon, bade moelih. Meunang sadjongdjongan diawas-keun wae koe nji Ikĕm anoe keur neuteup potret teh. Ari ĕnggeus, renghap teh tjara noe tas nahan napas, koelapes pana-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

nganana siga noe dadaksakala leungit tanaga ; malik ningali ka Ikĕm, pameunteuna mĕsoem, lambĕjna ngĕlĕpĕr, sotja teu tjekas, ngahegak kawas noe tjape.

Nji Ikĕm reuwaseun, teu poegoeh tjabak, ngan pok wae : „Ja Alloooh, Ĕneng, tjek abdi ge ....." Bari gek dioek deui.

„Ti mana ieu teh Ikĕm ?" saoer Neng Eha.

Ikĕm ngaharewos, ditompokeun kana tjĕpilna. Satĕroesna tingharewos. Tapi Ikĕm meusmeus ngagoeroeboeg bari ngadĕlekan doenoengan, seubeuh koe ditjiwit djeung djĕmbel. Lain tjiwit ngarah njĕri, lain djĕmbel pedah keuheul, nembongkeun soeka pabaoer djeung era.

Geus nampanan kĕrĕtas satjĕwir ti doenoenganana, Ikĕm toeroen deui ti boemi, ngarentjangan djoeragan istri di dapoer. Isoekna rĕboen-rĕboen soerat noe saĕwir teh koe nji Ikĕm dianteurkeun ka bi Oeti. Den Bahroem keur ngaleueut song soerat teh koe bi Oeti dihatoerkeun. Noe nampa imoet matja toelisanana toeloej oenggeuk. Ieu noe saĕwir teh dilampirkeun dikirimkeun ka Batawi, pikeun saksi. Oenina pondok sarta toedjoelna ka bi Oeti :

Ĕmbi,

Koe si Ikĕm dikakoeringkeun pola teh.

Saleha.

Mahmoed matja soerat teh asa di pangimpian, asa laladjo di tĕngah boemi doenoengan Ikĕm. Ari geus tamat, toeloej djidjingklak, igĕl-igĕlan pasĕlang djeung dangsa sarta teu repeh kakawihan lagoena sakaingĕt, aja lagoe Soenda, lagoe Walanda soembang-soembang oge, aja lagoe korontjong, teu dipikir djalirna, asal ngeunah sorangan. Repeh hahariringan ngaheot. Soerat noe saĕwir tea ditjioeman, da beunang eta, teu njahoĕun geus meuting dina sakoe koetang Ikĕm. Soep disĕlapkeun kana notĕs, ditjokot deui, sieun moerag tjĕnah. Soep kana kamoes, ah, moal kababawa di dinja mah, tjokot deui atoeh, ngok ditjioem, soep kana loket. Kakara tĕtĕg pikir.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Harita teh poë Saptoe pasosore. Mahmoed gërahna leuwih ti sasari. Poekoel lima geus këntjling indit rek oelin, beunang nga-ginding, tara-tara oge dikopeah — biasana boeboeroendoelan — harita mah make, da boga kopeah boeloedroe hideung. Dasina weuteuh, soetra gilap, soeroep kana raksoekan serse. Kërah bodas mani njatjas, kamedjana gading ngora. Ari lantjingan njëta arek maen tennis, lantjingan lakën gading ; sapatoena woengoe ngora, herang ngagëntjlang, da meunang njëmir. Mëlënghir njësëp sigaret tjap Onta. Sela kareta-mësin ditilaman koe sapoetangan bodas, bisi kotor kana lantjingan. Anoe sakitoe kewësna mah koe noe teu wawoeh moal dinjanaan moerid K. W. S., tangtoe disangka Satiden. Brëng djeung sobat-sobat pëlësir. Datang-datang poekoel sawëlas peuting, hënteu ngoeroes dahar deui, da memeh indit geus bebedja, moal dahar di imah. Tjoetjoel-tjoetjoel papakean teu repeh hahariringan. Ngilikan erlodji, geus satëngah doeawëlas, tapi tatjan toendoeh.

„Ah, meungpeung salse, mënding ajeuna noelis," tjek Mahmoed ngomong sorangan.

Gek dina korsi, kerewek njoëhkeun këretas tina boekoe toelisan. Keun keur kope tjënah, isoekan disalin kana këretas pos.

„Ka Oeoem heula, ka eta heula, kitoe ?"

„Ah, ka eta heula."

Hoelëng mani ngadjongdjongan, mikiran koemaha nja pipokeun, padoekdëkan padoe sorangan, aja rek koe basa Soenda, dibantah deui mënding koe basa Walanda tjënah. Na da basa Walanda ngartieun. Ah, ënja tjënah, mënding koe basa Walanda, ambeh ..... Plëng ngalamoen, gambar bioskop tembong. Ganti koe lalakon tina boekoe noe geus kabatja. Noelis tatjan sakotret-kotret atjan, ari ngilikan erlodji geus poekoel satoe liwat saeutik. Tjek pikirna, keun bae kabeurangan oge, da isoekan Ahad ieuh. Koetrat-kotret — koetrat-kotret tjoret. Balik deui mënding koe Soenda tjënah, getret-getret ngamimitian, tjoret deui. Sabot kitoe oge waktoe mah anggër njerelek, heuah wae heuaj.

„Lailahailëlloh, paingan teuing toendoeh, geus poekoel doea,"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

tjek Mahmoed bari indit tina korsi, golojoh ka ĕnggon, koredjat deui hoedang mareuman lampoe.

Peuting eta Mahmoed tibra sarena, impianana oge matak sĕgĕr. Isoekna ĕnja kabeurangan, tapi hĕnteu gĕsat-gĕsoet, da moal oedar-idĕr, arek njieun soerat. Bada sasarap los ka waroeng babah, meuli kĕrĕtas djeung amplok. Geus sadia dĕkĕr noelis, ngaheulakeun ka Den Bahroem, nganoehoenkeun djeung rea-rea deui omongna, nĕpi ka opat kĕbet soeratna oge. Anggeus eta tret keur ka boeah hate. Beunang dĕkal-dĕkoel, hoelang-hoelĕng mah teu djadi, ieu mah beunang ngengken, ngan kari njalin, kieu oenina.

Kahatoer
Ĕnden Eha
di Tjiandjoer

Sarĕng hormat,

Sakalintang bingah ati, wireh djoeroengan poen ĕngkang, wakil dongkap soemolondo, anoe ti bi Oeti tea, koe Ĕnden teu digĕbah, oendjoek rewoe-rewoe noehoen, Ĕnden kĕrsa mikawĕlas.

Moegi hĕnteu djadi galih, wantoen ngabasakeun ĕngkang, ka salira njĕbat Ĕnden, toerta hĕnteu atjan loma, gana-gana tjoemonggah, tina awahing koe bingoeng, sĕsah ngilari kĕtjapna.

Doeh goesti djoengdjoenan ati, moegi kĕrsa ngahampoera, ka ĕngkang noe bodo biko, hĕnteu tĕrang tata basa, koemaha noe oetama, anoe lĕmĕs teu ngagasroek, magoet kana manah djoeag.

Sinarĕng moegi katampi, loemajan kaemoet ĕngkang, kagĕgĕlan tilam sono, salĕmpaj awon roepina, sanes ĕngkang teu hajang, njanggakeun noe langkoeng aloes, moeng sakieu noe kabĕdag.

Tawis noe ngandoeng woejoeng
di Batawi,

Mahmoed.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Boes kana amplok, tĕroes dirapĕt, pek diadresan tjara keur ka lalaki :

Kahatqer
Hing pangĕrsa djĕng raji
di Kaoem
Tjiandjoer.

Eta soerat diasoepkeun deui kana amplok dibarĕngkeun djeung soerat ka Den Bahroem. Parangkona oge doea-kĕtipeun. Diasoepkeun kana koropak koe sorangan, make ditĕmpo kana liangna heula, memeh ngaleos teh, bisi soerat tatjan asoep pisan ka djĕro koropak.

Heuleut saminggoe kakara datang deui walonanana. Anoe ti Den Bahroem mah dibatja saliwat, geus dinoměran toeloej wae diteundeun dibaoerkeun djeung batoerna. Anoe digoegoeloeng mah soerat leutik anoe ti djoengdjoenan manah. Ti loehoerna teu make nanaon ngan „sarĕng hormat", ti handapna „tawis abdi", tandana wae. Ari oenina kieu :

„Sĕrat pasihan parantos katampi, oengĕlna kahartos pisan. Sarĕng kikintoen roepi tjaretjet parantos katampi deuih. Ja Alloh koetan ari di Batawi seueur noe model. Noehoen, noehoen, koe abdi bade dipoesti-poesti. Oepami iasa, hajang dikintoen salĕmpaj kagoengan, bade dimerĕkan. Abdi teu tiasa malĕs ngintoen nanaon, ma'loem bae djĕlĕma laip taja kagadoeh. Sarĕng ieu sĕrat hĕnteu didangding, teu tiasa. Sakitoe pioendjoek abdi."

Dibatjana teu tjoekoep koe doea-tiloe kali, saban tamat ngahatamkeunana ditjioem. Diampihanana dina tas paragi ka sakola. Dina sĕnang-sĕnang, bongoh ti batoer, koesiwĕl diboeka, dibatja deui, ngok ditjioem, soep deui kana tas. Ni'mat koe kitoe ge.

Ngirimkeun tjaretjet Pyramid merĕkaneun tea tiloe siki dibarĕngan deui koe soerat rada pandjang manan noe ti heula, didangding make sĕkar Sinom, da hajang aloes ngengken deui. Di djĕrona ngahadja dieusian parangko, maksoedna soepaja ngawalon torodjogan, oelah koengsi make djalan Den Bahroem.

Tetela nampa soerat ti kahadean leuwih soekana teu kanjahoan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI bp Balai Pustaka

koe noe sedjen, tjara Mahmoed nampa soerat ti Neng Eha djol ti pos, mani asa tjlik tina pananganana, komo moen make djeung paantĕl leungeun mah. Kamanala [1]) ĕnjaj-ĕnjaj sok ngadak-ngadak ngagĕdoer, hoeroeng di sakoeliah badan.

Neng Eha djeung Mahmoed ajeuna geus saroea hoeroengna, ngangkat bĕger oedjoeg-oedjoeg manggih lajan, saroea tjotjogna, nadjan paanggang teu asa padjaoeh, da beurang-peuting padjeueung reudjeung potretna. Oetjap-oetjapan, apan kagantina koe silih-soeratan, saban minggoe teu aja kĕndatna. Malah-malah namplokkeun pangeusi kalboe mah mĕnding kana kĕrĕtas ti batan koedoe pok ka djinisna. Kana kĕrĕtas mah laloeasa, njĕboet djoeag, njĕboet doenoengan ĕngkang noe geulis, atawa djoengdjoenan ati, boeah hate, toengtoeng njawa djeung salianna deui sĕsĕboetan bawaning asih. Nja kitoe deui ti istri ka paměgĕt. Dina pahareup-hareup saha noe wani kikitoean?

Dina soerat mah Neng Eha djeung Mahmoed geus katjida lomana. Potret Neng Eha tara tinggaleun tina sakoe Mahmoed. Meunang hese eta potret teh. Neng Eha njoempoet-njoempoet ti sĕpoehna dipotretna oge. Ti boemi angkat ka toko, ngagaleuh bahan keur diadjar, njimpang ka toekang potret. Ditĕboesna koe Den Bahroem, doeitna pangirim Mahmoed. Noe hidji koe Neng Eha, noe hidji koe Den Bahroem diampihan, dĕmi noe hidji deui dikirimkeun ka Batawi. Tiloeanana potret teh pada boga kadinĕsan. Anoe di Neng Eha dipake ngabatoeran anoe tina leungeun Ikĕm tea. Anoe di Den Bahroem dipake sarat pamĕgat, bisi aja nonoman noe sedjen, anoe rek mikarĕp ka dinja. Ari potretna geus aja noe njangking mah sarta dibedjakeun geus aja noe boga akoean, noe sedjen moal daekeun ganggoe, kadjaba anoe ngahadja rek ngarĕboet, tapi tangtoe matak djadi moemoesoehan. Oentoeng salamĕt, Den Bahroem hĕnteu soesah, hĕnteu kahesean. Dĕmi potret noe di Batawi geus ditjaritakeun, tara tinggaleun tina sakoe Mahmoed.

Lamoen kapanggih koe ramana Neng Eha dipotret, euleuh, koemaha meureun dibĕndoeanana. Haram dipotret teh, matak

[1]) Hoeroengna seuneu birahi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

dipentaan njawa tjënah, ëngke dina poë kiamah. Komo deui potretna aja noe koe lalaki, euleuh bëndoena meureun lain tjaritakeuneun.

.....

Dina katompernakeun boelan Mei, torodjol Mahmoed datang ka Tjiandjoer, teu kaboeroe dipapagkeun koe Den Bahroem, geus datang manten ka boeroean. Toeroen tina otobës, tjlak kana sado, giritik ka Bantjeuj, hajang geura gok djeung sobat. Ma'loem noe keur boengah, sakola tamat, diploma meunang, saměnna aloes, koe goeroe-goeroe pada moedji, datang rek manggihan sobat djeung ..... kěmbang sotja.

Meunang saminggoe Mahmoed di Tjiandjoer ngandjrěk di sobat. Ka priboemi hënteu njoesahkeun, da daharna di losmen, sore-isoek oge. Ari sore, balik oelin, tara lengoh, mawa olih-olih keur priboemi, aja sigaret, aja soeroetoe keur pamëgëtna. Keur istrina kërënak-kërënik barang leutik, tapi matak rësëp. Bi Oeti teu kateler-teler, poëan datang meunang pibadjoeëun djeung doeit saperak. Sabot kasemahan Den Bahroem kabawakeun koe sobat tara toeang di boemi.

Ari noe djadi kasoekaan Mahmoed, noe matak gërah beurang peuting bisa papanggih oenggal poë djeung anoe sok dilamoen tea. Pabeubeurang mëgat Neng Eha arek diadjar tea, toeloej ditoe-toerkeun mimitina. Kadoea-kalina rada deukeut ngiringkeunana. Satëroesna mah barëng leumpang ngarendeng. Geus kitoe mah tjaritana oge beuki haroes. Babarëngan saban madjoe, saban moelih.

Anoe sok karasa kaloeman ti isoek-isoek nëpi ka beurang, batoer ngomong teu aja, da Den Bahroem ka padamëlanana. Minangka ngabebendjokeun maneh matja boekoe, matja poestakamangsa, beunang meuli ti boepet sëtatsion.

Dina djëro saminggoe teh koengsi doea kali teu ngarasa kaloeman ngadagoan beurang, sabab Neng Eha angkat ka pasar, ka toko, seubeuh babarëngan ti isoek-isoek nëpi ka meh lohor. Ari angkat-angkatan Neng Eha ajeuna mah geus tara diiring koe nji Ikëm.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Piisoekaneun pisah pasini heula, soebaja pada arek satia, sarta Mahmoed ninggalan adres. Ari soerat keur ka Neng Eha koedoe ditoedjoelkeun ka oeana, istri oerang Kaoem keneh, raka iboena. Mahmoed koengsi ngandjang doea kali ka dinja manggihan pieun.

Njongsoëng ka Soekaboemi teh Mahmoed gëde hate. Ari Ahad anggër sok ka Tjiandjoer ngalongok, sono bakoena mah. Tëpoengna nja di Oea tea. Mahmoed oge teu asa-asa njëboet Oea, noeroetan Ënden tjënah. Namplokkeun kasono, nembongkeun geugeut, ngan oekoer patarema leungeun djeung dioek rada padeukeut, teu leuwih ti sakitoe. Ari soeka seuri tjatjarita mah teu koedoe ditjatoer deui.

III. NANJAAN.

Geus meunang doea-tiloe kali Mahmoed ngandjang ka „Oea" tea djeung anggër saban-saban pëtjënghoel, koedoe bae njampak Neng Eha, dakoena rek ka dinja mah kitoe tea, kieu tea, teu euweuh piekoleun. Djengkol aja oesoemna, ...

Tjek Oea sakali mangsa: „Weu, lain antëpeun ieu baroedak teh. Den Kalipah kapalingan, teu njahoëun Eha boga kahadean. Balangah djadi kolot teh. Katjingtjirihi mah wiwirang sarerea keh."

Waktoe Mahmoed djeung Neng Eha arantëng ngilikan gambar-gambar dina boekoe, diserangkeun koe Oea ti djëro sakeudeung. Mahmoed dina korsi noe moekaan boekoe bari nërang-nërangkeun gambarna. Boekoena digolerkeun dina medja. Neng Eha ngadëg njanggejeng, rada ngalendeh ka noe kasep. Panangan noe kiwa dianggo nahan, adëk kana poengkoerna noe tjalik, neueul kana tangan-tangan korsi beulah kentja. Ningali gambar ngëloek toengkoel hajang tëgës, atoeh mastaka mani siga dempe djeung kopeah. Kelesed panangan tëngën noe kasep moendoer, gilisir, pël kana sëtagen, njangkeh angkengna noe lëndjang. Lain dikëdjatkeun, lain dikepeskeun, panangan noe meulit teh, këk ditjandak, dihajeukan. Ngangseu noe ngadalingding seungit Mahmoed tjëngkat bari ngalieuk, atoeh ngok kaamboeng koe Neng Eha. Rëj beureum pameunteuna, rek ngëdjat kaboeroe pël panangan noe kasep sabeulah deui, noe geulis teu bisa polah. Goebrag boekoe ragrag, medjana kasigeung.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

.....

„Oea, abdi bade wangsoel, mana daoen djagong teh?" saoer Neng Eha.

„Jej, geura itoe-ari boedak, lain sina ngaleueut eta tatamoe. Moal ĕnja koedoe diladenan koe kolot," walon Oea.

„Palaj ngaleueut?" saoer Neng Eha bari ngadĕlekan djeung ngadjĕbengan ka Mahmoed.

„Adoeh sakieu hanaangna, nganggo dipariksa deui. Oepami dipaparin mah kopi toebroek deui."

Neng Eha ngadilak deui, ngalieus djeung imoet leutik. Teu lila song leueuteun tjiteh djeung lalawoehna doea-tiloe roepa dibakian.

„Mangga geura ngaleueut," saoer noe geulis bari imoet, los deui ka djĕro.

Nĕpi ka amitan ka Oea, rek tĕroes ka Den Bahroem, Mahmoed teu tĕpoeng deui djeung boeah hate. Sihoreng tas ngasongkeun baki teh tĕroes modos ka dapoer, ngadjingdjing daoen djagong ngora sabĕbĕd keur boengkoes dodol djeung angleng. Soempingna haroehah-harehoh, raraj mani eutjeuj, karingĕt dina lambĕj loehoer rĕnoeng. Djadi matak loetjoe noe kitoe ge ari di noe manis mah.

Ti pipir dapoer keneh geus ngagorowok: „Iboe! iboe! ja Alloh mani reuwas!"

Iboena: „Na aja naon?"

Neng Eha: „Lah, doeka atoeh, da baroedak tjektjok di djalan, lar andjing ngawĕt boentoetna. Bĕrĕbĕt wae abdi loempat tipaparatit, sieun."

Iboena: „Sok lalawora, andjing mah dipangloempatkeun sok ngoedag."

Neng Eha: „Moal da andjing ka ditoe, abdi ka dieu."

Iboena: „Heueuh. Mana oepihna, geuning eta ngan daoen djagong woengkoel."

Neng Eha: „Teu aja, atjan dongkap deui noe ngirim, saoer Oea."

Sarikĕm njerengeh bae ngadjak seuri kana hawoe bari ngasoerkeun seuneu, ngarti ka noe renghap randjoeg, raraj beureum, poepoer ngan kari oeroetna, dadakoe sieun koe andjing, mangka-

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

ning poë Ahad harita teh, sabab barang gok Neng Eha mere isarah. Sarikëm koedoe repeh.

Ënja ari aja andjing loempat tea mah diaroedag-oedag koe baroedak, andjing boga dosa, maling laoek ti hareupeun waroeng.

Ari Mahmoed ngadago-dago, soegan djol deui noe asoep ka djëro, bët euweuh bae, toeloej amitan ka Oea.

Oea : „Ka dieu geura, Kasep, Oea boga pibedjaeun."

Panjangka Mahmoed rek diamprokkeun djeung Eha, këren nakër ngamanggakeunana. Gek sila deukeut panto, sëtelan diringkoekkeun.

Oea : „Ieuh, anaking Oea teh rek nanja noe saënjana. Soeka ka anak Oea teh, rek saënjana atawa ngan ngarah saoelineun. Tjing Oea menta djawab anoe pasti."

Mahmoed toengkoel bari kalamas-kelemes, hahah-heheh, teu boeroe-boeroe ngadjawab, era djeung teu njaho koedoe koemaha nja pok.

Oea : „Ëntong sieun, ëntong era, pok sabalakana, da moal dikoea-kieu, ngan boeboehanananana kolot koedoe nanja, meung-peung tatjan kanjahoan koe toeang rama, Den Kalipah."

Mahmoed anggër toengkoel loeak-lieuk, njoo ramo, ngadoe indoeng leungeun, dedehem, pok ngadjawab : „Soemoehoen, oepa-mi djinisna — sëlang heula koe dehem, sër karaos deui ni'matna ngamboeng noe geulis — poeroeneun sarëng dipasihkeun koe sëpoehna, bade ..... bade ..... soemoen tjindëkna mah bade didamël bodjo wae."

Oea : „Tah soekoer, Kasep, ari rek miënja mah, ngan sawadina Oea mepelingan, poma oelah lila-lila hahadean pamali. Geura ngoe-maha ka sëpoeh, geura poegoehkeun, soepaja aja tjëkëleunana."

Mahmoed : „Mangga, bade pisan."

Oea : „Tah, soekoer anaking, Oea mah hajang boeroe-boeroe njaho pangantenanana."

Mahmoed seuri, tapi teu ngawalon.

Oea : „Sakalian nanja, tjing Oea bere tërang, soepaja oelah katamboehan, saha tea ieu teh."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Mahmoed : „Soemoehoen, doepi wasta poen Mahmoed."

Oea : „Hih, eta mah Oea ge tĕrang. Rama teh saha, kotjoran mana. Kana naon damĕlna di ditoe teh ?"

Mahmoed : „Doeka, teu tĕrang toeroenan ti mana-mĕndina mah, moeng poen bapa katĕlahna Wirapradja. Doepi damĕlna mah doeka, margi tara sasarĕngan."

Oea : „Hih, lain ka dinja maksoedna. Oea mah hajang tĕrang teh mas radenna, moen djĕnĕng, djĕnĕng naon ? Tah kitoe."

Mahmoed : „Doeka teu tĕrang mas radenna mah. Doepi djĕnĕngna loehoer oge, matak hoream noe noetoerkeun."

Oea : „Lah, soekoer ieuh, ari djĕnĕng loehoer mah, salindoenganeun baraja noe teu boga. Pangkat naon ?"

Mahmoed ngahoelĕng sakeudeung serengeh seuri: „Soemoehoen pandjang pangkatna teh : Eigenaar-direkteur-beheerder der assamtheeplantage en rijstcultuur."

Oea : „Ja Alloh ieuh, naha pandjang-pandjang teuing, pangkat nanahaon eta teh ?"

Mahmoed : „Soemoehoen pangkat poen bapa, bagian oeroesan departement Landbouw, Handel en Nijverheid di Bogor."

Oea : „Ambeuing-ambeuing teu ngalalarti teuing, njĕboetna oge moal timoe koe sapoeloeh djalan."

Geus kitoe Mahmoed amitan deui rek oendoer. Sapatoe kĕrĕwĕd-kĕrĕwĕd ditalian roesoeh, djoet toeroen toeloej ngadigdig ngadjoegdjoeg Den Bahroem, kasampak teu aja di boemi. Dioek nangtoeng hĕnteu ngeunah, ngadagoan sobat, hajang geura njarita.

Barang Mahmoed rek indit njoesoel, djol Den Bahroem dina kareta mĕsin.

Geus salse, pada dina korsi pahareup-hareup, golontang Mahmoed njaritakeun lalakonna di Oea, soeka papanggih djeung Neng Eha, ditoengtoengan koe teu ngeunah koe Oea, dilandrat tjĕnah, pang teu ngeunahna eta ditanja toeroenan naon, kotjoran mana. Djadjawabanana ditjaritakeun, dimaenkeun wae, tjĕnah.

Samemeh ditanja kitoe mah Mahmoed ka Oea teh katjida rĕsĕpna, koe Den Bahroem dipoedji bae. Kana kalandĕpna bako tongboe dipoepoedjoehkeun, da eta tjĕnah manis, tjoemonggah, mianak,

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

teu pikaisineun, basana teu lĕmĕs, tapi ngeunah lĕntongna, soeroep djeung pĕtana.

Balikna ka Soekaboemi poë eta Mahmoed tambah njantel ka bebene, handeueul keuheul koe Oea. Dilĕlĕmoe koe sobatna, ditĕrangkeun lain rek ngahina, tapi koedoena kolot mapaj toeroenan piminantoeëun, teu lipoer, keukeuh ngabagĕgĕl dina angĕn. Karĕsĕp djeung kanjaah ka Oea leungit.

Heuleut sawatara poë ti harita Neng Eha dipiwarang deui ka oeana, njandak oepih tea keur boengkoes angleng.

„Ke, Eha Oea dek nanja, geus njaho sidik ka Mahmoed teh ?" saoer Oea bari ngagoentingan oepih di emper toekang.

„Tĕrang, naha Oea ? Pan parantos ditjarioskeun."

„Tjing tjaritakeun deui."

„Na bade naon ?"

„Hih, pĕrloe wae kolot dibedjaan, soepaja tetela."

„Sanggĕm abdi oge, nĕmbe kaloear ti sakola opsetĕr, teu atjan gadoeh gawe. Ari ramana oerang Soekaboemi, tjariosna mah beunghar, lĕga kĕbon tehna, lĕga sawahna. Tadina eta, poetrana tea, bade sina sakola lanbow di Bogor, nanging teu ladjoe sakolana, ngan kenging sataoen. Ti dinja pindah ka K. W. S., boes deui ka kĕlas hidji. Manehna naek ka kĕlas doea, batoerna babarĕngan sakĕlas keur di H. I. S. kaloear ti keurseus pos, djadi kalerĕk di kantor pos di oerang, Bahroem tjariosna ngaranna."

„Iiih, teu djĕnĕng ramana teh ?"

„Hĕnteu."

„Hih, na ari boedak, ditanja saënja-ënja koe Oea, make ngaheureujan. Madjar maneh-naon tjena geuning — lah, hese da make ehnar daliktoer nanaon, lah pandjang atoeh pangkat ramana teh — tah ënja make parmen-parmen lambow sagala — teu timoe koe Oea mah, diomongkeun tiloe kali teh ngan timoe eta wae ehnar daliktoer, aeh, tah ingĕt deui sawareh deui bahir dĕr tepa lantase, toeloejna kana parmen lambow djeung make haet asana toengtoengna."

Neng Eha njeuleukeuteuk: „Wah, Oea mah pirakoe, nganggo bahir dĕr tepa sagala, na kasakit naon bahir teh ?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Oea : „Ja Alloh, teu pĕrtjaja. Keun geura ari ka dieu deui oerang tanjakeun."

Sorena Neng Eha matja soerat ti Mahmoed mani rambisak pipingkĕlan goemoedjĕng raos, emoet ka Oeana aja dĕr tepatase, dina soerat aja katĕranganana.

Meunang doea minggoe Mahmoed teu ka Tjiandjoer, katiloe minggoena mah teu tahan, poentjĕngis deui ka Oea. Datang-datang dipĕntog, madjar ngaheureujan, nĕpi ka digeuhgeujkeun koe Neng Eha. Noe dipĕntog hahah-heheh bae seuseurian. Toeloejna Oea daria [1]) sasaoeranana : „Anaking, hidĕp oelah salah paham, Oea mah nanja soteh bawaning njaah, keur ngagoongan ĕngke, oepama Den Kalipah ngadjak tjarita ka Oea pĕrkara Eha. Oea moal bisa ngengklokan, lamoen teu tĕrang ka hidĕp. Oea teh katjida doana hidĕp ngarangkĕp ka Eha, sabeaseun sabeunjeureun hajang ngabantoean, sangkan ngadjadi. Oelah Wawalandaan ka Oea mah teu halalarti."

Mahmoed ngan soemoehoen-soemoehoen bae gawena bari toengkoel, dina hatena roemasa dosa, roesoeh teuing ngewa, keuheul ka noe njaaheun ; ajeuna ngarasa kadoehoeng sarta oendak rĕsĕpna ka Oea batan bareto.

Mahmoed : „Moegi oelah bĕndoe wae, Oea."

Oea : „Teu sing, ngan moen deui-deui, ari ka dieu moal disoegoehan." Sasaoeranana Oea bari mendeleng tapi teu tinggal ti imoet.

Mahmoed njĕboet moal bari hahah-heheh. Tidinja toeloej waktja, jen geus ngoemaha ka sĕpoehna sarta karoedjoekan. Moal lila deui oge bakal aja noe dongkap tjĕnah ka djoeragan kalipah. Poë eta Mahmoed teu koengsi papanggih djeung noe dipikasono, sabab keur ka noe kariaan, ditjandak koe iboena. Handeueul si handeueul, tapi rada kaoepahan koe kaboengahan ti Oea. Sanggeus ngopi, geus beak pitjaritaeun, toeloej amitan. Koe priboemi dinoehoenkeun kikirimanana.

Di Bantjeuj Mahmoed ditanggap deui tjaritana koe sobatna.

---

[1]) daria = ĕnja-ĕnja (*ernstig* tjek Walanda mah).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Den Bahroem : „Tah, mana oge, oelah sok roesoeh ngambĕk. Koemaha ari kitòe ?"

Mahmoed : „Teu koemaha, da teu oeningaeun oeing ngambĕk."

Den Bahroem : „Na teu era dipĕntog ?"

Mahmoed : „Dipĕntog koe saha? Koe Oea? Hih, dipĕntog koe eta mah saroea djeung ditjotjol koe dodol."

Den Bahroem : „Edas, ari geus njantel ka oerang dieu mah, lain deui sihoreng."

Mahmoed : „Komo moen geus nginoem tjaina."

Den Bahroem : „Is, ĕnja wae. Na bi Oeti teu hidĕng njoegoehan."

Mahmoed : „Ah, keun bae, da teu pati hajang. Lain kitoe Oem, oeing teh aja pĕrloe ka mang Aden, aja di boemi ?"

Den Bahroem : „Ĕmbi mah aja."

Mahmoed : „Koemaha nja ? Ieu mawa soerat ti „Bapa" keur ka mang Aden. Moen bisa, saoerna, walonanana koedoe kabawa koe oeing, ĕngke ari balik."

Den Bahroem : „Lah, ngendong wae sapeuting. Bebedja wae tĕroes tĕrang, mang Aden soempingna boerit kitoeh. Moen teu kitoe keun atoeh soerat mah tinggalkeun. Gampang walonan mah dikirimkeun ke koe oeing."

Mahmoed: „Ah, rek didagoan wae, soegan soemping beurang-beurang. Balik kana kareta panoetoep."

Den Bahroem : „Lain, aja naon ieu teh, asa dararinĕs nakĕr ?"

Mahmoed : „Kieu Oem, saĕnja-ĕnjana mah." Pok ditĕrangkeun maksoedna soerat, boentoetna dilandrat koe oea tea.

Den Bahroem : „Ĕnja, soekoer Moed, ari geus manggih noe tjotjog mah, mĕnding kitoe."

Mahmoed : „Ari didinja rek rĕsĕp kitoe bae boeboedjangan ?"

Den Bahroem : „Ah, atjan manggih noe daekeun."

Mahmoed : „Pirakoe."

Den Bahroem : „Ah, da atjan neangan, atjan nanjaan."

Mahmoed : „Atjan niat atoeh kitoeh, lain atjan manggih noe daekeun. Lamoen geus neangan, kakara njĕboetkeun atjan manggih."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

Den Bahroem : „Hĕĕmh."

Toeloejna rame tjarita pĕrkara sedjen, leok dĕui kana silihgondjak, soeka seuri akĕj-akĕjan doeaan, bari ngantos-ngantos mang Aden, noe angkat ngoeseup nĕpi ka boerit. Mahmoed moelang lengoh, soerat walonan teu kabawa harita, katampana isoekna deui ti pos.

Teu mangkoek sabaraha poë goeroedag ramana Mahmoed ka Tjiandjoer, ngaboedjĕng boemina Raden Kartakoesoemah — nĕlahna Den Karta — nja eta anoe diandjrĕkan koe Den Bahroem. Sabada sosonoan, proeng pribоemi djeung tatamoe barĕmpag, koemaha pihadeeunana ka djoeragan Kalipah. Kahidji rĕrĕntjĕpan, oelah onar, kadoeana ĕngke dimana geus poegoeh taja halangan, baris neundeun omong. Gantjangna Den Karta sanggĕm. Koe lantaran hajang oeninga koemaha boeboekanana, ramana Mahmoed wajahna ngandjrĕk di Tjiandjoer meunang doea peuting. Noe ngadago-dago di Soekaboemi, Mahmoed pangpangna, mani njĕri beuheung sosonggeteun tjĕnah, koe hajang geura njaho bedjana.

Isoek-isoek Den Karta loengsoer ti boemi beda ti sasari, nganggo raksoekan bĕdahan, disindjang gĕroesan geus rada leuseuh ; lantjingan pangsina teu tembong, da gendejeh ; dibĕndo njerengkebeng, pendekna dangdos tjara kana kaondangan, ngan taroempah teu gĕntos teh. Angkatna ka Kaoem, ka boemi djoeragan Kalipah.

Kabĕnĕran noe kagoengan boemi kasondong aja. Gantjang disambat ditjalikkeun. Pribоemi teh oeningaeun ka Den Karta, ngan ari kaoenggahan mah kakara. Geus pada tjaralik di emper pajoen, pok djoeragan Kalipah mariksa: „Asa kasinoegrahan ĕngkang teh Aden, sisinantĕneun kĕrsa roeroempaheun tjalik ka rorompok, aja pidamĕleun naon ?"

Den Karta : „Hahahah, soemoehoen hĕnteu, rai teh ngoeping wartos, magah ĕngkang kagoengan wargi di Karawang. Jaktos kitoe ?"

Djoeragan Kalipah : „Heheheh, soemoehoen kapoengkoer, parantos teu aja ajeuna mah, parantos pindah ka Bandoeng."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Den Karta: „Iiih, handjakal, boro tadina mah ..... hahahah ..... bade ..... hahahah."

Priboemi : „Bade naon Aden ?"

Den Karta : „Hahahah, eta wae soemoehoen, ti Karawang ka Tjiparage mah parantos tjakĕt manawi."

Priboemi : „Na koemaha Aden, nganggo Tjiparage-Tjiparage kitoe ?"

Den Karta : „Hahahah, soemoehoen, noe kasohor teh hajam Karawang, nanging noe sajaktosna mah hajam Tjiparage, hahahah."

Priboemi : „Eueuh kahartos, Aden teh ngilari hajam ?"

Den Karta : „Soemoehoen, jaktos pisan, hahahah."

Tĕroes tjarita pĕrkara hajam, pindah kana ngoeseup, ditema koe katjapi djeung nĕmbang, bras kana ngadji, ngarembet kana pĕrkara istri nĕpi wae ka Neng Eha, katjatoer dina lĕbah winaja [1]) moerangkalih istri. Bisa Den Karta njalĕsĕrna pĕrkawis Neng Eha, hĕnteu nembongkeun karĕp, tapi koe priboemi kamanah atawa lain kamanah, ngahoedang pikiraneun, ngadatangkeun pangharĕpan.

Geus katimbang tjoekoep meunang katĕrangan noe dimaksoed, Den Karta amitan. Djoeragan Kalipah asa kagoengan mitra anjar, pamoendoetna ka Den Karta, soepaja sĕring soemping, ari sĕnggang, teu aja damĕl.

Ramana Mahmoed sĕnang koe sakitoe oge, tĕroes deui barĕmpag baris ngotjal-ngotjal. Beres barĕmpag, isoekna moelih ka Soekaboemi.

Samoelihna Den Karta djoeragan Kalipah teu eureun-eureun ngamanahan, dipadoekeun koe andjeun sangkaan djeung pangharĕpan, pek dianggo goenĕm tjatoer djeung geureuha. Meakkeun kapanasaran, andjeunna nalengteng kaajaan Den Karta, nja kenging katĕrangan, jen di boemina aja noe madjik., nonoman padamĕl kantor pos. Djoeragan Kalipah oedjoeg-oedjoeg tjop bae, eta noe rek diadoekeun teh, atoeh beuki ageung manahna.

Sedjen poë djĕboel deui Den Karta natamoe. Priboemi goembira, tatamoe gĕrah, atoeh salasaoeranana pasĕlang djeung goemoedjĕng

[1]) Atikan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

raos. Anoe njanggakeun leueuteun ajeuna mah teu meunang nji Ikĕm, koedoe Neng Eha. Iboena hajang nembongkeun kaparigĕlan poetra.

Lila-lila arek noengtoengkeun tjarita pok Den Karta, ngotjal-ngotjal ka djoeragan Kalipah pĕrkara poetrana tea, jen aja noe rek mikarĕp. Koe sabab geus kagoengan tjop tea, moal saha deui, tangtoe sĕpoehna nonoman kaoeninga andjeunna noe baris datang, gantjang dibageakeun.

Djoeragan Kalipah: „Tah, ari parantos kieu mah Aden, ĕngkang teh teu ngagoeliah teuing, aja tjĕkĕleun."

Den Karta : „Soemoehoen, sawangsoelna rai atoeh nja kitoe, hahaha-hahah."

Soemping ka boemi Den Karta boengah manah, asa disanggoet saoerna ka geureuhana. Sorena miwarang noelis ka Den Bahroem keur ka Soekaboemi, dikĕtjapan koe andjeunna. Eusina mah pondok, nĕrangkeun, jen teu aja halangan sarta ngan kari ngadjadikeun.

IV. LAIN KOEPOE.

Toeltĕl bedja njaliara, masing tadina ririkipan oge, da pabedja-bedja, toengtoengna djadi njaho sarerea, ka baroedak-baroedak geus njaritakeun Neng Eha aja noe nanjaan. Gĕrna bedja ka loear noe nanjaan teh Den Bahroem, dipapantĕs koe noe ngira-ngira, toeroeg-toeroeg dikoeatkeun koe sangka ti djoeragan Kalipah pisan. Teu woedoe Den Bahroem loba noe ngagondjak.

Aja deui bedja noe ngalainkeun, sakoer noe meunang katĕrangan ti Den Bahroem. Sawareh deui heran, sabab Neng Eha sok kapanggih babarĕngan djeung noe sedjen, ari kabedjakeun ditanjaan koe Den Bahroem. Tjek sawareh deui madjar parĕboet, noe itoe ngĕdjat, ieu noe meunang. Aja deui noe nĕrangkeun, itoe noe boga niat ngawin mah, lain Den Bahroem, tapi sobatna, wargina keneh.

Tina ngoengngeng-ngoengngengna bedja, djoeragan Kalipah palaj njidikkeun, nja angkat ka Den Karta, moendoet katĕrangan. Tadina kaboeroe koe atoh, hĕnteu papandjangan mariksa, ngaraos tjĕkap koe „sanes noe lian", wargina keneh.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Atoeh barabat ditĕrangkeun, didjentrekeun djeung pantjakakina. Den Bahroem alo ti misan, wargi ti andjeunna. Ari Mahmoed pĕrnah alo keneh ti misan geureuhana. Ari iboena Den Bahroem djeung ramana Mahmoed sabrajna mindo. Dĕmi geureuha Den Karta kapiraji iboena Mahmoed. Djadi Den Bahroem njobatna djeung Mahmoed teh lain ngan pedah batoer oelin, batoer sakola bae, tapi katalian koe kawargian.

Djoeragan Kalipah ngadangoekeun noe goemoedjĕng hahah-hahah teh teu kabawakeun gĕrah, handeueul salah panjangka djeung soegan teh wargi Den Karta ti doea beulahanana raden kabeh. Tapi hĕnteu ari nembongkeun boedi mĕsoem mah harita teh. Moelihna ngoengoen sadjĕroning galih, handjakal koe koerang sasar, roesoeh teuing pĕrtjaja kana sangkaan. Soemping ka boemi hoemandeuar, toeloej ngadjak sasaoeran ka geureuhana.

Djoeragan Kalipah : „Lain eta geuning, Ĕnden."

Istrina : „Naon tea, Andjeunna ?"

Djoeragan Kalipah : „Noe hajangeun ka si Njai. Panjana ĕngkang anoe madjik di Den Karta, sihoreng noe sedjen, boedak tatjan boga gawe, djeung lain sasama oerang, toeroenan mas."

Istrina: „Har, na koemaha ari Andjeunna, kapan ngadjak badami teh, tampa ĕntongna noe nanjaan, parantos sidik pisan. Ari kitoe koemaha ?"

Djoeragan Kalipah tjambĕroet : „Ah, nja eta salah ĕngkang."

Istrina : „Ari Andjeunna koe kawas boedak atah teuing sasar. Kilang kitoe ari ditaros teh, keur naon pandjang-pandjang tĕtĕ-lĕpek, talete teuing, paribasa awewe mah njaho di naon. Tah, ari kitoe koemaha ? Tjobi moen ngadangoe mah kamari ieu, geuning sanggĕm abdi, saha, oerang mana, toeroenan naon, naon gawena, koemaha dĕdĕganana. Koemaha ieu mah da tjoekoep koe Mahmoed, wargi Den Karta, digawena di pos. Mana ge ka awewe teh oelah sok njapirakeun teuing. Boeboeh ripoehna, soesahna mah geuning ditjatjandak."

Djoeragan Kalipah mĕrĕngoet, saoerna : „Ĕngkang teh lain rek menta digĕlĕndĕng, rek ngadjak badami."

Istrina : „Bongan atoeh da."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

Djoeragan Kalipah : „Teu hade eta kitoe pĕta teh tjek kitab."

Istrina : „Wah, kitab oge koemaha noe makena."

Djoeragan Kalipah : „Naha teu njaho, naon disĕboetna djĕlĕma teu pĕrtjaja kana kitab."

Istrina : „Kantĕnan wae tĕrang mah."

Djoeragan Kalipah : „Naha atoeh ?"

Istrina : „Sanes, naha atoeh, pamĕgĕtna oelah njiar-njiar pitjarekeun."

Djoeragan Kalipah : „Rek badami kalah toeloej djadi padoe."

Istrina : „Bongan ....."

Djoeragan Kalipah : „Ke, reungeukeun heula. Sabab ieu teh lain pĕrkara leutik, koedoe dipikir pandjang ....."

Istrina : „Kadongdora ....."

Djoeragan Kalipah : „Oelah waka nempas, dengekeun heula. Koedoe dipikir teh kieu : itoe noe rek datang teh lain sasama oerang, toeroenan mas. Lĕbar anak oerang, lamoen dibikeun, lĕbar koe toeroenan. Ĕngke di intjoe teh meureun leungit karadenanana. Saroepa eta. Kadoeana lalakina loegah-ligeuh keneh, toeroeg-toeroeg misah nagara djeung oerang. Lamoen parĕng meunang gawe djadi opsetĕr, meureun ngoembara ka nagara deungeun. Kapan noe djaradi opsetĕr di dieu oge, noe ngaloembara ti djaoehna. Hese oerang hajang papanggih djeung anak teh. Katiloena hĕnteu meunang bedja, koemaha kana agamana. Dosa gĕde, lamoen oerang mikeun anak ka djĕlĕma teu bĕragama, saroea bae djeung ka naraka. Kaopatna oerang teu wawoeh djeung pibesaneun, djadi oepama dibĕdokeun ajeuna teh, moal djadi kagorengan, da asal oge teu wawoeh. Lamoen djeung noe wawoeh matak oge djadi rĕnggang, katoeroeg-toeroeg ieu mah misah dajeuh. Kalimana djinis pada djinis tatjan tĕpoeng, tatjan wawoeh. Tah, meungpeung tatjan katalian, tjek ingĕtan ĕngkang oerang batalkeun ti ajeuna ka Den Karta, sabab tadi oge eta noe djadi djalan."

Istrina ngadangoekeun kasaoeran tjarogena rek ngabĕdokeun mani olohok bĕngong koe teu dinjana-njana. Bawaning handeueul djeung keuheul ka tjaroge, teu ngawalon ngan djĕngket wae angkat deui ka dapoer. Njoesoetan tjisotja koe toengtoeng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

raksoekan, nahan napsoe. Weu lamoen dioembar mah meureun ngagantawang njeukseukan tjaroge, lambējna geus tingalēnjoer, noe matak toeloej ngadjēngket. Sēpoeh geusan pakoemaha-koemaha teu aja deui ngan saderekna, Oea tea, nja dihatoeranan.

Sorena bada magrib geus koeroetak soemping, toeloej ngarioeng tiloean di tēngah boemi. Maroerangkalih ngaradji di emper pajoen, Neng Eha di dapoer djeung nji Ikēm.

Proeng noe salasaoeran di boemi.

Oea : „Aja naon, Den Kalipah, asa rareuwas atjeuk mah ?"

Djoeragan Kalipah : „Aja pitjarioseun saeutik."

Nji Kalipah : „Taeun Atjeuk, pērkara si Eha."

Oea : „Na koe naon kitoe ?"

Djoeragan Kalipah : „Kamari ieu tea aja Den Karta ....."

Nji Kalipah : „Ajeuna koe rai teh moal toeloes dibikeun, bade ngaletak tjidoeh."

Djoeragan Kalipah : „Ēngke atoeh, ari tjarita teh sok miheulaan batoer, kapan oerang mana ngarioeng oge rek badami, malar beres, oerang teu goreng, ka ditoe oelah matak raheut."

Nji Kalipah : „Bade badami naonana, kapan saoer andjeunna moal dibikeun."

Djoeragan Kalipah : „Heueuh, tapi ēngkang oge moal moeroegoel mawa karēp sorangan, noe matak ngahatoeranan Atjeuk, soegan ari timbangan tiloean mah leuwih hade ti batan pikiran sorangan."

Nji Kalipah: „Koemaha lamoen tjek abdi sarēng Atjeuk, tampi, tjing hajang ngoeping, bade koemaha andjeunna ?"

Djoeragan Kalipah : „Tah, ēngkang hajang njaho, naon sababna noe matak rēmpoeg koedoe ditampa. Ēngke ēngkang ngaloearkeun hodjah. Geus kitoe kakara timbang koe oerang, mana noe beurat. Pangna nampa koedoe kaharti, nja kitoe deui pangna teu nampa koedoe kaharti. Ieu mah lain bilangan : tampa ēntong — tampa ēntong, tjara milang sora toke. Koedoe dipikir."

Nji Kalipah : „Naha atoeh andjeunna oedjoeg-oedjoeg mangga wae ka Den Karta. Ari ajeuna make ngadjak badami, keur naon ?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

„Hih, ari taeun teh, moal ĕnja djĕlĕma noe niat hade, oedjoeg-oedjoeg disieuhkeun. Itoe teh maksoedna hade, arek nĕpoengkeun baraja, ngoepama ka oerang, arek datang make bemakrama. Anoe kadieuna djĕlĕma pantĕs deui, meureun moal ngeunaheun ditampik sapadjodogan, nja itoe nja Den Kartana, da poegoeh wargina keneh. Teu manggih pisababeun keur oedjoeg-oedjoeg nolak, katoeroeg-toeroeg boga sangka, noe njalahan tea deui. Tjing Atjeuk koemaha pisaeĕunana ?"

Nji Kalipah: „Kadongdora ngadjak badami, geus karaos lĕpatna, njah ?"

Djoeragan Kalipah : „Ari bĕnĕr, loeloes, oentoeng teu pĕrĕloe ngadjak badami. Lamoen djĕlĕma salah, teu njaho koedoe koemaha nja pipĕtaeun, kakara moesawarah, tatanja, menta timbangan noe lian. Noe boga pĕrkara kapan ka hakim menta dipangmoetoeskeun."

Nji Kalipah : „Soemoehoen, ari andjeunna kapan geus moetoeskeun, bade ngabadamikeun naonana ?"

„Eta, ieu mah geura, bĕt teu ngadengekeun omong batoer."

„Hĕh, bisa bae, ari tjarios abdi geuning teu didangoe."

Djĕp noe doeaan repeh. Oea ti tadi teu pipiloeĕun, djongdjon bae ngalĕmar, ngadangoekeun noe silihtempas. Djoeragan Kalipah sanadjan keuheul ka geureuha, sasaoeranana mah leuleuj, oeninga kana adat geureuha, babari panas, ana sasaoeran njĕrĕng djeung goedas-gadĕs baeud. Meunang sadjongdjongan tiloean pahĕnĕng-hĕnĕng, taja noe ngamimitian deui sasaoeran. Noe doeaan siga noe hoream arek pok, pada nahan kakeuheul. Oea tjĕngkat, pok sasaoeran :

„Den Kalipah, koemaha ieu teh? Dikoeping-koeping koe atjeuk, bĕt oerang teh rek loentjat moelang. Tjing tetelakeun atjeuk hajang tĕrang noe sadjalantrahna."

Pek koe djoeragan Kalipah ditĕrangkeun, jen andjeunna tas ti Den Karta, meunang katĕrangan kitoe-kitoe. Nja djol manah andjeunna hojong ngabĕdokeun, samemeh itoe datang ngalamar ngadjadikeun menta.

Oea : „Naon margina ?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Djoeragan Kalipah : „Parantos disanggĕmkeun ka Ĕmot. Emoetan rai sanes koepoena anak oerang ka Mahmoed."

Oea : „Naha ?"

Nji Kalipah : „Nja eta Atjeuk, boro abdi mah geus atoh bae, boga anak geus gĕde aja noe ngagawar-gawar, toer koe noe pantĕs, kabogana aja, djĕlĕma pikaloehoereun. Parantos dilamoen bae boedak teh bakal sĕnang kahareupna. Anak oerang teh awewe, moal bisa mĕta sorangan, da teu gadoeh bahanna. Dagang taja toeroenan, djaba ti teu gadoeh modal teh. Tani koedoe aja polaheunana ; mana, kapan teu aja. Djĕnĕng, djĕnĕng naon ? Djĕnĕng oge koedoe aja modalna. Teu boga pangarti mah moal bisa djĕnĕng. Bade dikoemahakeun geura boedak teh, oepami hĕnteu rek sina boga salaki. Ari ajeuna kakara aja noe ngagawar-gawar, tatjan poegoeh boele hideungna, koe rai bade ditolak. Tah Atjeuk, noe matak abdi seueul teh, mani ngabagĕgĕl hate. Boro koempoelkempel, tjatjawis keur ngahormat noe datang, oelah era teuing bae, da poegoeh oerang sakieu nja kaajaan, batoer oge njarahoĕun. Sanes woewoeh deui Atjeuk, kadjengkel teh ?"

Oea : „Ajeuna Atjeuk dek njarita, tapi poma Den Kalipah oelah bĕndoe. Da atjeuk oge awewe, djadi miloe ngarasakeun kaharĕnĕganana nji Ĕmot, djeung atjeuk oge miloe njaah ka boedak, toenggal anak sasatna. Moen boedak aja milikna teh, atjeuk tangtoe miloe atoh, da miloe ngadoakeun. Ajeuna kakara ngĕlĕmĕng rek meunang bagdja, koe oerang sasatna arek dipĕgat, dihalangan bagdjana."

Nji Kalipah : „Hĕnteu abdi mah, Tjeuk, rai noe kitoe teh."

Djoeragan Kalipah : „Sanes mĕgatan bagdja bade dongkap, oelah ka dinja, sanes mĕgatan oelah sina boga salaki."

Oea : „Soemoehoen, koe atjeuk oge kaharti, ngan saajeuna katampana koe nji Ĕmot kitoe. Ari djĕro-djĕrona pang Den Kalipah teu panoedjoe ka dinja, naon ?"

Djoeragan Kalipah: „Tiloe roepi babakoena noe djadi emoetan rai : kahidji ngemoetkeun toeroenan, aja piwoelang dina kitab, jen oerang kĕdah roemaksa kana toeroenan ; ĕmas ditjampoer sarĕng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

tamaga moal djadi ĕmas deui, tangtosna oge djadi soeasa, leungit sipat ĕmasna. Tah, oelah doegi ka kitoe."

Oea : „Na mĕndĭng mana, ĕmas saeutik teu goena sarĕng soeasa gĕde mangpa'at ?"

Djoeragan Kalipah : „Doeka, da emoetan rai mah pageuh kana toelen."

Oea : „Naon ari noe kadoeana ?"

Djoeragan Kalipah : „Kadoeana, noekang nonggong kana agama. Noemoetkeun katĕrangan noe kakoeping, ti boeboedakna teu ngambeu pisan kana pangwarah agama. Tiasa djadi boedakna mah bageur, nanging djĕlĕma teh teu tjĕkap koe bageur woengkoel, da kĕdah bĕragama."

Oea : „Atoeh eta mah kenging dikeureujeuh koe oerang. Naha katoenaan sakitoe djadi halangan."

Djoeragan Kalipah : „Iih Atjeuk, sanes pĕrkawis alit agama teh, teu kenging disapirakeun. Kapan Atjeuk oeninga kĕrasna parentah agama, disamikeun sarĕng naon djĕlĕma noe tara salat."

Oea : „Ih Den Kalipah, atjeuk mah sanes njapirakeun kana agama, ngan ieu mah pedah djĕlĕma bakal keneh, beunang dianggap wadah kosong eusianeun. Lamoen Den Kalipah bisa ngeusian, sanes leuwih oentoeng, gandjaranana doenja aherat, tjek atjeuk mah."

Djoeragan Kalipah : „Teu atjan kantĕnan noeroetna, margi boedak kaloearan sakola sok bantahan, ka kolot wani ngalawan, rasana pintĕr aing teu deungeun."

Oea : „Ah, eta mah koemaha djĕlĕmana bae."

Djoeragan Kalipah : „Kantĕnan hĕnteu sadajana, moeng kaseu-seueuranana kararitoe. Geura tingali koe Atjeuk, boektina."

Oea : „Ah, atjeuk mah teu rek papandjangan pĕrkara eta."

Nji Kalipah : „Taeun Atjeuk, kahajang rai mah, kadjeun teuing santri boedoeg, dapon raden."

Djoeragan Kalipah moentjĕrĕng, tapi leuleuj ari pokna mah : „Oelah sok gagabah, ari ngomong, kena^2 biwir teu diwĕngkoe."

Nji Kalipah : „Rek njiar noe koemaha, ari lain noe kitoe."

Oea geuwat mĕgat, ningali noe geus pada njeuneu, mariksa

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI

ka djoeragan Kalipah : „Ari noe katiloena naon ? Tadi saoer Den Kalipah tiloe pĕrkara asana."

Djoeragan Kalipah : „Soemoehoen tiloe roepi. Katiloena ngaragangan ka ditoe. Ĕntong make sina dongkap heula, oepami koe oerang moal ditampi. Teu poegoeh-poegoeh oerang njoesahkeun batoer, sina datang balik njamos. Emoetan rai meungpeung teu atjan naon-naon, mĕnding dipĕgat ajeuna, ditjarioskeun ka Den Karta. Geura manah koe atjeuk, ĕngke mah oepami parantos djol dongkap noe menta anak oerang, tĕras akon-akon bade dipikir-pikir heula, poetoesanana nampik, moal bĕrĕsih tĕmahna, kĕdah bae aja boentoetna, djabi djadi omong batoer mah. Geura oepami dibadakeun ajeuna mah, emoetan rai moal djadi tjarita, da teu aja basa ditampik, da teu dongkap nanjaan."

Oea : „Lĕrĕs lĕbah dinjana mah."

Nji Kalipah : „Hĕh ! lĕrĕs lĕbah manana, latja-letje, loentjat-moelang tjara boedak, kolot teu beunang ditjĕkĕl omongna, boro wae djadi kalipah."

Reup geuneuk, raj pias djoeragan Kalipah, nahan napsoe disogokan koe geureuha, pangamboeng moenggah rĕmpah-rĕmpih, lambĕj ngĕlĕpĕr. Pok sasaoeran, leuleuj tapi : „Tinimbang ngetjeblek teu poegoeh, mĕnding ngadengekeun saoer Atjeuk."

Oea : „Den Kalipah, ari tjek Atjeuk mah mĕnding ditampa. Hanas eta hĕnteu saroea beusina, titingalan Atjeuk djaman kiwari mah hĕnteu djadi nomĕr hidji. Boedak oerang teh awewe, moal djadi toetoeroes toeroenan, meunangkeun ieu-ieu oge, sabab noe koeat toeroenan ti bapa. Kahartos koe atjeuk oge maksoed Den Kalipah teh, mambrih kaoetamian. Hajang oetama teu bisa, nja oerang njokot pĕrjoga. Mahmoed, tjek atjeuk mah asoep kana pĕrjoga. Boedak ngora pintĕr, da bĕkas sakola apan saoer Den Kalipah ; bageur, noeroetkeun katĕrangan Den Karta, saoer Den Kalipah keneh ; aja pimadjoeëunana. Eta wae atjeuk mah ningal noe djaradi opsetĕr di oerang, sigana sararĕnang, boemen-boemenna alagreng, ana loenta hoeroeng nangtoeng, siang leumpang, matak kabita. Meureun anak oerang oge kitoe, moen dikadarkeun kabiroejoengan koe milikna teh. Sabot ngaligeuh ngadagoan gawe,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

emoetan atjeuk, moal njoesahkeun ka oerang, tjohagna moal soesah makean, moal soesah maraban, anak djĕlĕma tjoekoep. Sanes noe beunghar koret eta — saha Den Kalipah ramana Mahmoed teh ? — tah eta Mas Wirapradja : moal ĕnja noe koret geura, make wani njakolakeun anak ka Batawi, meureun aja poeloehna ongkosna saban boelan. Koe Den Kalipah oge meureun kamanah, sanes ? Eta tina pasal agamana, bangbangan pisan, emoetan atjeuk teu koedoe dipake wĕgah, kenging dikeureujeuh. Djĕlĕma geus boga dasar bageur mah diwarah kana agama gantjang noeroetna, teu tjara noe — wah, nja eta moen hade ngomong mah — ngadji ngadji, lampah-lampah. Asana atjeuk geus ngoeping ti Den Kalipah, karadenan tara ditanjakeun koe malaikat. Naon maksadna ta teh ? Katiloena, ngarah oelah djadi omong djĕlĕma. Koemaha bade dipĕgatkeunana? Boh ajeuna, boh ĕngke ditampikna, moal sĕpi tina kagorengan. Da itoe teh sanes si Itoe si Eta, ĕnja djĕlĕma tani, tapi aja kasĕbatna, djĕlĕma golongan tĕngah. Moal ĕnja Den Karta djeung wargina wanieun njorok ka dinja, oepami itoe teu aja pisan pandangeunana mah. Sakitoe deui Den Kalipah, atjeuk sanes ngoedoekeun nampa, ngan ngahatoeranan bae, doemeh diadjak pakoemaha-koemaha. Kitoe emoetan atjeuk noe bodo."

Sadjĕroning sasaoeran kitoe, geus katjipta dina manahna, pisakoemahaeun teuing pinjĕrieunana Neng Eha djeung Mahmoed, lamoen dipĕgatkeun kasoekaanana koe dileungitkeun pangharĕpanana bisa ngahidji.

Djoeragan Kalipah nĕrangkeun deui, teu hadena njorok ka sĕpoehna Mahmoed. Oea ngadoger noedoehkeun hadena.

Tapi badami teh teu poegoeh poetoesanana, djoeragan Kalipah pageuh, teu beunang diongget-ongget, nji Kalipah geus teu pipiloeĕun, djamĕdoed wae. Bada isa djĕtrek-djĕtrek sora gamparan, Oea moelih, didjadjapkeun koe noe mawa lantera.

Isoekna djoeragan Kalipah getret njĕrat, ngadaměl sĕrat pandjang pisan ka Den Karta. Singgĕtna eusi soerat mah ngan doea roepa, hidji ngabedjakeun teu bisa nampa, kadoeana njarek ĕntong toeloes datang, ngabolajkeun pasini noe tatjan djadi. Tadina

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Sejak Pustaka

mah hĕnteu rek keukeuh keudeuh, tapi oenggal mariksa ka istrina tara didjawab, bidjil napsoe, mageuhan timbangan andjeunna. Kadjadian isoekna tea ngintoen sĕrat ka Den Karta.

V. NIKAH.

Plĕng Mahmoed tara ĕmbol-ĕmbol ka Tjiandjoer meunang sababaraha boelan. Soerat mĕroel ti Neng Eha, diwalonanana tara pandjang sarta dina noengtoengkeun koedoe wae ditambahan koe hoemandeuar, madjarkeun teh ĕngkang mah doran patjoel, moal ĕnja koedoe disoren dina anggar. Sakapeung pokna teh. „Ĕngkang mah boeloe taneuh pidjadieun rarapen, moal kenging didamĕl boeket." Dina sĕrat noe sedjen : „Ah, abdi mah djoeag, parantos teu wantoen ngabasakeun ĕngkang, eta mah dianggona kĕdah koe noe saharkat samartabat. Roemaos abdi noe lĕpat, tjetjendet mande kiara, tjileungtjang mande sagara." Dina noe sedjen deui : „Kikitir bako kikitir, diparabkeun ka tjaladi, kapikir beuki kapikir, beuki serab diri abdi." Aja deui anoe kieu oenina : „Ĕmh, padahal abdi teh bangboeng, bĕt ngalamoen djadi koembang, hajang njeuseup kĕmbang seungit, hoeang-hioeng koemalajang, ditĕpak goeprak nangkarak, tjilaka bongan sorangan, loekak boga kahajang teu lajak. Bangboeng mah soeroepna kĕdah njoengkoer babaoean. Balanak laoek balanak, katjambah djadi di sawah, menak koepoena ka menak, somah mah koedoe ka somah."

Kanjĕnjĕrian hate Mahmoed, hĕnteu lĕdjar koe panglilipoer Neng Eha, sakitoe dietjes-etjeskeun, jen andjeunna manahna moal wĕleh montel, moal beunang dipoekah deui. Tjek Mahmoed, da lain njĕri koe Ĕnden, ngangrĕs ngĕnĕs, njĕri peurih soteh, tjĕnah, roemasa salah, boga kahajang teu lajak. Soerat noe panoengtoeng ti Mahmoed ngabedjaan, meunang gawe, ditĕmpatkeun di Djawa, bawahan Samarang, hĕnteu mere adres noe tetela, inditna oge teu ditjaritakeun iraha-irahana.

Ti saĕntas nampa soerat eta, Neng Eha djadi aloem, leungit kagĕrahna, ti beurang mĕsoem, ari ti peuting mindĕng rambaj tjisotja. Batoer geusan ngĕdalkeun anoe dikandoeng dina kalboe,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

teu aja salian ti Oea. Ari diwoeroekan koe Oea lain tambah djanglar, asa disoeat-soeat, nambahan woejoeng.

Katjaritakeun dina hidji peuting di boemi djoeragan Kalipah, rame, damar raang, djělěma pagaliwota. Bada isa panganten datang ti masigit, těroes ka djěro, rek hoeap-lingkoeng. Di emper hareup ondangan bangsa těngah geus ngaberes, diemper toekang ondangan panoekang. Poetoes ngidjabkeun, ngong noe ngadoa, adjěngan noe pangsěpoehna. Sabadana brak tararoeang. Biasa tararoeang dina rioengan kitoe tara ponjo, sapěrkara teu toemaninah gekna, kadoea teu toemaninah prakna, asa diroeroesoeh batoer, koe noe parigěl ngoeroes běrěkateun. Rame sora piring trongtrang, njeor, ngareok saroea djeung ngageugeuwat ka noe kěbloek. Tapi ari pangpangna teu ponjo mah amběngan sok koerang sari, noe taroeang teu miraos, kadaharan sok tariis.

Koe sabab eta dina hadjat-hadjatan djaman kiwari geus loba noe make adat anjar, disěboetna parasmanan, hěnteu njieun amběngan keur běrěkateun, tapi kaolahan teh toeangeun.

Malikan deui tjarita, noe ngarioeng di emper toekang tea, karěsit alah batan noe di pajoen. Tamat doa, retjok, reok-reok sora piring, boeriak boedal. Di emper kari balana djeung piring kotor noempoek mangpirang-pirang goendoekan. Noe di pajoen noengtoetan taroeroen.

Poekoel salapan hadjat geus reres, ganti koe rioengan soekan-soekan, mamaos dipirig koe katjapi, rěbab djeung soeling. Teu woedoe rame, toekang těmbangna běger, teu koerang toekang ngengklokan, alok djeung kěprokna rame, něpi ka djanari eak-eakan.

Karia bagean sěpoeh, kasoekaan keur sarerea, sakoer noe miloe ngareuah-reuah, noe karaos koe panganten taja lian ti kadoeka. Panganten paměgět teu měndak kasoekaan, koe sabab istrina pista, saban wěngi pada ngalělěmoe, koedoe sabar, soegan laoen-laoen oge nji panganten noeroet. Panganten istri. Neng Eha tea, pang něpi ka pista oge saking koe naon. Pada njaoeran koe itoe koe ieu, ngabětěm, toengkoel tjisotja bidjil, noeroet mah hěnteu. Dipiwa-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

rang koedoe kitoe-koedoe kieu koe iboe-rama, ari noe teu soeroep djeung hate mah ngahoentĕd. Ana geus moegĕn, tjek paribasa kadjeun teuing didongkrak, pageuh teu kĕrsa indit.

Djadi djoeragan Kalipah kagoengan damĕl, nikahkeun poetra teh, malar soeka djadi doeka. Djeung geureuha djadi bĕndeng, koe Oea dibongan-bongan, maksa nikahkeun poetra. Ari poetra, anoe rek didjatnikakeun tea, nembongkeun bĕdangna ngalawan koe mogok, pista ka tjarogena. Warang mantoe njandang wirang, andjeunna noe djadi djalan. Ngalamoen manggih sĕnang, ajeuna ngabaroengsinang.

Maroekankeun ari bogoh sĕpoeh teh saroea djeung bogoh noe anom. Kena-kena andjeunna panoedjoe, njoemponan kana kahojongna, toeroenan moal roeksak, da saroea martabatna, katjĕkapanana aja, pangkatna, leutik-leutik oge pangkat, gadjih boga. Sakitoe harkatna. Ari dĕdĕganana djĕlĕma sĕdĕng djangkoengna mah, ngan salira rada mĕral kagigir, patoeangan ngoembang boeheukeuna kana salira ; liwat ti sakitoe mah, amboeing siga nanahaon meureun. Roepina hĕnteu nista, roembah ngadjĕdig, godeg dikoeroed, joeswana geus deukeut kana opat poeloeh, poetrana teu loba, opat, keur meudjeuhna oeroeseun katilar koe iboena. Basadjan menak doeda.

Dina kadalapan poëna ti ĕntas nikah djoeragan mantri tjaroge Neng Eha, njongsoëng moelih njalira, ngaboedjĕng deui padamĕlan, pĕrĕlopna tereh seep, keur di djalan sapoë, keur ngareureuh sapoë.

Sanggeus teu aja tjaroge, Neng Eha eungkeut-eungkeut kana hegar deui, kĕrsa imoet, sakali-kalieun goemoedjĕng, ana nji Ikĕm ngageang, mĕtakeun angkatna djoeragan mantri keur nganggo kĕbat.

Lindeukna djeung tara aja rasiah Neng Eha teh ngan ka Oea, aja naon-aja naon balakana ngan ka dinja. Kaedanan koe Mahmoed teu dipinding-pinding, ngewa ka tjaroge diwaktjakeun.

Madjarkeun teh : „Ja Alloh, Oea, koemaha atoeh abdi teh. Ari reup peuting, djlĕg itoe nangtoeng di hareupeun, ngadjak imoet, njeungseurikeun abdi daek dikawinkeun. Sanes daek, noeroet soteh awahing koe sieun wae koe Ajah, ari Iboe djĕdjĕbris djeung

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

sĕntak sĕngor, teu aja pisan leuleujna. Ari ret ningal salaki keur andĕkak sila adoeh tobat, Oea — idjid alah batan ningal nadjis, gila asa ningal bangbarongan, asa kaboer pangatjian abdi, mani hajang hos wae ditjaboet njawa."

Koe Oea dilĕlĕmoe : „Ih geulis, koedoe toemarima kana kadar. Ka Mahmoed geus euweuh djodo, djĕlĕmana oge geus euweuh-euweuh atjan, teu njaho di mana ajana, inditna teu ngabedjaan-bedjaan atjan. Pang sakitoe teh meureun geus teu mikarĕp ka Eulis."

„Sanes Oea, sanes teu rĕsĕpeun ka abdi," walon Neng Eha. „Ĕngkang teh njĕri koe Ajah, masing diboelat-beulit oge saoer Ajah, kahartieun, doemeh ĕngkang lain ....."

Tjoeroetjoed Neng Eha tjisotjana bidjil, teu kĕbat sasaoeranana. Barang geus lĕmpĕr, tjisotja geus toehoer deui, pok deui : „Tjing atoeh Oea, koemaha ?"

Oea : „Heueuh, atoeh koemaha ? Oea mah poĕkeun, kapan bareto koedoe koemaha Oea ngabelaan, ngadoger ka Ajah, teu asoep, ari nĕrĕn-nĕrĕn njĕsĕdĕk teu wani, eleh wadjib. Djeung tjeuk Oea mah oelah ngarĕp-ngarĕp noe euweuh, koedoe tarima koe saajana. Kapan Den Mantri teh teu, teu goreng-goreng teuing, beda oemoer saeutik mah mokaha bae."

Neng Eha : „Hĕh Oea mah, aki-aki geus reuaj anak. Djadi Oea oge tega deui ka abdi."

Oea : „Ari sieun ngoeroes boedak mah, baroedakna sina miloe ka ninina."

Neng Eha: „Ah, sanes wĕgah ngoeroes boedak, teu rĕsĕp wae, ngewa, idjid ka djinisna. Masing dikoemaha-koemaha oge, moal wĕleh tjoea, da sanes eta anoe ditjileuk."

Oea : „Naha geuning bareto mah daek ngalaladenan."

Neng Eha : „Jej, Oea mah. Atoeh da tatamoe, teu tĕrang pisalakieun."

Djoeragan Kalipah hĕnteu tjitjingeun, oeninga jen poetra pista, dihantĕm ditarekahan, ditoembalan, ditatambakeun, noe boga badan teu njaho-njaho. Oea tea oge kĕrsaeun soteh ngawoeroekan ka Neng Eha, awahing koe sangĕt-sangĕt moentangna djoeragan Kalipah. Dina waktoe ditikahkeun, lamoen teu digendeng koe Oea

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

mah, meureun goedjroed, aja panganten leungit. Hadena kapĕndak koe Oea, Neng Eha keur boeboentĕl tĕngah peuting arek minggat. Lantipna Oea hĕnteu njektjokkeun, ka iboe-ramana oge teu bĕtoes. Sagala paningkah Neng Eha anoe matak teu panoedjoe iboe-ramana dipindingan. Iboena mindĕng digeuing, oelah kĕras teuing, oelah meupeus keujang ka noe keur toenggara hate. Kitoe sababna noe matak Neng Eha leuwih roemakĕt manahna ka Oea manan ka iboe-rama.

Mitjeun sangka Neng Eha ditambaan, djoeragan Kalipah moentang ka Oea dina mĕtakeunana tarekah, nja eta sarat-sarat pamake toembal anoe koedoe kadahar kainoem, beunang ngeusian raga katineung, nja ka dinja diserenkeunana, soepaja keuna sarta teurak.

Meunang opat boelan ti saĕntas nikah Neng Eha tara digĕtrik-gĕtrik koe ieu-ieu oge, tapi ari diome ti bongohna mah teu eureun-eureun. Teu karaoseun noengtoet lipoer katoegĕnahanana, ka Mahmoed paler. Ari emoet mah emoet bae sakali-kalieun, tapi hĕnteu njolok hĕnteu ngait. Ras ka tjaroge, bĕt djorodjoj aja manah, karoenja basana. Pek diidjir njalira bae bari ngarenda, tjalikna njanghoendjar lambar di emper toekang, ngalahoen ajakan leutik wadah bĕnang. Saoerna sadjĕroning manah: „Naha aing teh teu poegoeh-poegoeh ngewa ka eta djĕlĕma, padahal itoe teh rek njĕnangkeun. Dibawa pista teu aja sĕroe-sĕroena. Omongna teu aja njogokna, saban boelan majĕng ngiriman. Rek koemaha pikarĕpeunana? Ngadjak pindah hĕnteu, neang hĕnteu, njĕrahkeun hĕnteu, kalah hajoh wae ngabalandjaan. Hajang njaho antekna, rek disabaran."

Dina hidji poë bada lohor iboena tjalik deukeut Neng Eha, tjatjarios, papariksa pĕrkara noe loemrah wae, noe sok ditjarios-keun koe istri, toeloej kana hal panganggo ĕntjit kitoe adoena djeung samping kieu, tidinja los kana wawadahan, parabot boemi, hal boemen-boemen.

Toengtoengna pok mariksa: „Na teu hajang Eha, imah-imah tjara batoer? Soegan era wae koe batoer, oemoer geus doea poeloeh taoen djalan, rĕsĕp pagoegoeloeng keneh djeung kolot."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Neng Eha : „Ari hajang mah hajang Iboe, ngan koemaha ? Oepami abdi sapĕrtos itoe mah djipro, gadoeh gadjih nanaon, bade imah-imah bae sarĕng Oea sarĕng si Ikĕm."

Iboena : „Ari taeun teh bĕt kawas noe ngimpi. Kapan boga salaki, poegoeh djĕnĕngna, poegoeh tĕmpatna."

Neng Eha toengkoel, lila ngahĕnĕng teu ngadjawab.

Pok deui iboena : „Tjing rek koemaha kahajang teh ?"

Neng Eha : „Ah doeka, da gadoeh salaki oge sami sarĕng hĕnteu."

Iboena : „Heueuh teu poegoeh soteh lain salah itoe, bongan sorangan. Na teu karoenja ka djĕlĕma sakitoe bageurna. Oenggal boelan teu kĕndat kikirimanana. Saban soerat nanjakeun tjageur hĕnteuna, djeung ngarĕp-ngarĕp, iraha tjenah daek noetoerkeun."

Neng Eha bingoeng pidjawabeun, rek njĕboet mangga, asa-asa, hĕmar-hĕmir ararisin, rek njĕboet moal, teu kadoega pok, da eta di djĕro geus aja rĕj karoenja saeutik.

Iboena : „Tjing koemaha Eha, Iboe mah asal poegoeh wae, lamoen poeroen arek disoeratan ki Mantri, soepaja mapagkeun, ari hĕnteu mah, kadjeun moal maksa."

Neng Eha : „Ah doeka, koemaha Iboe wae."

Iboena : „Lain koemaha iboe-koemaha iboe, heug wae ĕngke nĕmpoehkeun. Koemaha tjek sorangan."

Neng Eha : „Eta da, isin meureun."

Iboena : „Hih biasana, awewe sok pista mah, tapi laoen-laoen oge lajeut, tĕroes roentoet. Djeung loembrah di awewe mah sok bangboeng bangbajang, bangboeng ranggaek."

Neng Eha : „Wah, Iboe mah."

Iboena : „Make teu pĕrtjaja. Ĕnggin oge djĕnatna koengsi pista heula, tapi ari geus boemen-boemen mah malik njaah ka tjaroge. Heueuh, maneh oge katoeroenan ti Ĕnggin meureun."

Neng Eha : „Lami pistana Ĕnggin teh, Iboe ?"

Iboena : „Njao teuing, ngan bedjana aja doea boelan mah."

Neng Eha : „Abdi parantos kalima sasih ieu."

Iboena : „Heueuh, geus lila teuing, meudjeuhna hade. Rek disoeratan wae nja, ki Mantri sina ka dieu ?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

Neng Eha : „Koemaha Iboe wae."

Iboena : „Moal nĕmpoehkeun ? Djeung deui sing njaah ka sĕpoeh, Iboe Ajah teh hajang neuleu noe djadi anak sĕnang, bisa imah-imah roentoet djeung salaki."

Peutingna djoeragan Kalipah ditjariosan koe istrina, jen kitoe-kitoe tjenah, geus didjoegdjoegan hatena.

Djoeragan Kalipah : „Soekoer. Kalah koe dikeureujeuh geuning teu boeroeng leeh noe bĕdang teh. Plong wae hate ĕngkang hĕnteu sararoempĕg teuing. Iraha oerang njoeratan teh ?"

Istrina : „Teu langkoeng Andjeunna."

Djoeragan Kalipah : „Ĕngke wae geus deukeut kana abis boelan, nja, ambeh oelah koengsi ngiriman, tapi sakalian sina ka dieu djĕlĕmana."

Istrina: „Ngiringan abdi mah. Atjeuk meureun kĕdah ditjariosan."

Djoeragan Kalipah : „His, atoeh poegoeh. Oerang teh lamoen teu dibantoean koe Atjeuk mah, njao teuing."

Anoe tadina idjid alah batan kana nadjis teh, ari ajeuna gok deui papanggih bĕt karoenja. Dĕmi tjarogena hĕnteu nembongkeun boedi anoe katjida sonona, atawa nembongkeun boedi noe ngerangera, soemawona ambĕk mah teu pisan-pisan. Gok tĕpoeng tjara noe wawoeh biasa sapopoë ĕntas njaba. Tjatjandakanana teu woedoe rebo. Keur geureuha mah misah dina kopĕr panganggo andjeunna. Tjatjandakan keur digoear, andjeunna moeka kopĕr, njandak boengkoesan, disodorkeun ka geureuha, saoerna : „Ĕnden teu ngabantoen nanaon ĕngkang teh, ngan ieu tah, loemajan soegan kamanah."

Barang diboeka, sindjang kĕbat pĕtingan doea, saroeng hidji : kĕbatna noe hidji banjoemas toelen, noe hidji deui banjoemasan, boeatan Tjiamis, ari saroengna panselĕn.

Beu soekana Neng Eha geus lain di kieuna, keur ngalamoen hojong sindjang banjoemas teh, ajeuna dikintoen. Lamoen Mahmoed noe ngintoenna, taksiran adjrag-adjragan, djĕlĕmana oge meureun dirontok, ditarimakeun. Ieu mah ngan oekoer seuri,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

sindjang dikeber-keber, bari pok deui-pok deui ka iboe : „Sae nja Iboe, pantĕs di abdi, toeh." Diadjaran dibeulitkeun, sampean koneng disodorkeun ka pajoen, ditoempangan sindjang kareueut. Sok disampajkeun, tiloeanana dipĕtjak-pĕtjak. Tiloeanana dibeng-brengkeun dina dipan, hĕnteu boeroe-boeroe ditilĕpan deui, ditaksir ti kaanggangan.

Oea djeung iboena bingah koe doea-koe tiloe, noe matak pohara ngahaminanana kana saoer Neng Eha, malah diembohan koe pamoedji. Anoe sedjen oge sakoer noe aja di dinja beak-beak moedji sindjang. Nji Ikĕm njabak deui-njabak deui, tapi njabakna eueuh koe araringgis mani kawas njabak ramat sieun pĕgat.

„Ĕmh, moen abdi kalakon gadoeh noe kieu, djoengkir meureun, noe ngirimna bade disoehoen."

„Si, meudjeuhna teuing," saoer Neng Eha.

Gĕr noe aja di dinja garoemoedjĕng.

„Ĕnja wae Eha, noehoen kitoeh ka ĕngkangna," saoer iboena.

Neng Eha teu wani pok, ngan ngareret ka tjaroge bari ngadjak imoet.

Braj lawang sawarĕga moeka raraosan djoeragan Mantri, moesna sagala kateuraosan anoe geus karandapan teh. Da lamoen teu isin koe sĕpoeh djeung teu sieun leupas deui, harita ge meureun Neng Eha, dirontok, digalentor, ditimbang, dipoenggoe, tjek dina manahna.

Isoekna panganten arangkat ka toko. Neng Eha langgeorna beda djeung bareto, ajeuna mah angkatna matjan teu nangan. Soemping ka boemi ngagoear kekengingan balandja, pirak-soekaneun, kĕkĕmbĕn soetra, minjak seungit, kalodĕrma djeung rea-rea deui kapĕrloean istri. Ragrag lima poeloeh teh djoeragan Mantri soeka galih, ngajoenkeun kahajang geureuha, da geus kapimilik.

Sarerea kawas anoe mangpang-meungpeung, meungpeung Neng Eha hade anginna, ti poë eta keneh sasadiaan tjandakeun noe ngalih.

Djalan-djalan piroedĕteun, teu koe hanteu, aja-aja bae. Neng Eha keur ngoengkab panganggo beresaneun, kĕrĕtas tilam handapeun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

panganggo katarik, gorehel aja soerat. Noe kagoengan teundeun geus lali, teu emoet kagoengan teuteundeunan di dinja. Panganggoeran diboeka, beh aksara noe geus wawoeh, sĕblak manahna. Panganggoeran dibatja deui, beuki ratoeg, manahna kaweur ngadak-ngadak, raraosan teu pararoegoeh, bĕrĕbĕj tjisotja bidjil, kana tĕnggĕk njĕlĕk ngagarĕndok. Soerat teu ditamatkeun, geuwat dilipĕtkeun, soep disĕsĕpkeun kana panjoempoetan salĕmpaj tea. Ngoekoet pikasakiteun, hajoh diampihan, geus paler kasoeat deui. Bisoel asak moen disoeat matak tjageur. Ari ieu mah kamangmang, disoeat nambahan njĕri. Sadjĕroning beberes manahna tagajoer, eling ka noe djaoeh, ras ka salirana lain Eha anoe Mahmoed, nĕpi ka andjeunna oge helok, teu kaharti, koemaha nĕpi ka soemĕrah ka noe tadi dipikanadjis.

Nĕpi kana waktoena djoeng noe rek ngalih sagala geus tarapti. Broel ka sĕtatsion, ngaleut opat kahar. Anoe ngadjadjapkeun teu woedoe oge rada rea, di sĕtatsion mani ngagimboeng. Neng Eha pada ngaroeboeng-roeboeng, pada mawa tjarios koe sobat-sobatna, mĕsoem bae sĕmoe aloem, raraosanana boemi alam asa ararang-keub. Kitoe pĕrbawa noe hemĕng galih. Tjarogena tjakah-tjikih ngoeroeskeun kartjis, bahasi. Anoe hĕnteu dibahasikeun dioeroesna koe djoeragan Kalipah.

Beres sasalaman, tjat aroenggah kana kareta api. Noe djadjap sawareh mah ngiring aroenggah kana kareta, sabot teu atjan djoeng. Noe bade arangkat geus pada mĕrĕnah, kabĕnĕran lalĕga, sarerea bisa ngagonjok. Neng Eha ngarendeng djeung iboena, majoenan Oea djeung nji Ikĕm. Djoeragan Kalipah papajoen-pajoen djeung mantoe.

Rĕgĕjĕng kareta mangkat. Biasa bae mimitina ngagĕlĕsĕr, doegdĕg-doegdĕg, goeroedoeg tĕroes ngĕboet ka wetankeun.

Sakoer noe djadjap boedal ti sĕtatsion, rame noe njarita, noe djadi poko tjarita nja Neng Eha. Tjek noe sawareh : „Lalaki mah teu beunang dihampas. Koemaha tah ari kitoe ? Nampik-nampik, ahirna ngitjlik." Tjek noe sedjen : „Soemoehoen, tjambĕroet-tjambĕroet oge teu boeroeng noeroet."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Tjek noe hojong padjĕng : „Mana ari djadi istri oelah sok tampikan."

Ngong noe hapa dompetna : „Oeang poenja kawasa. Lampĕgan ge koe doeit mah teu boeroeng totos."

Ari noe kabita koe adjian basana : „Lah edas, aloes kĕboelna. Moal sabongbrong, noe palid madjoe ka girang."

Dĕmi noe teu rĕsĕp kana pamake, beda deui omongna : „Ah, moen teu diome, mah, tjadoe teuing daekeun."

Para istri nja meh sapagodos bae salasaoeranana, noe rĕsĕpeun ka Neng Eha, atoeh mangmeunangkeun, mangkaroenjakeun, mangwatirkeun. Anoe sirik moepoeas, ngera-ngera di toekangeun. Ma'loem djĕlĕma tea, masing noe wawoeh, noe hade oge, ari toekangeun mah loba noe wĕrat ngoepat. Ka Neng Eha oge nja kitoe wae sapĕrti djamakna.

Katjaritakeun noe arangkat geus nĕpi ka noe didjoegdjoeg. Kantja mitra djoeragan Mantri narĕpangan aja noe soemping sarimbit, aja noe istrina bae, aja noe pamĕgĕtna wae heula, lantaran aja pambĕngan salahsaoerang. Nĕpi ka saminggoe saban poë teu kĕndat tatamoe, noe ngalajad, noe ngabageakeun. Neng Eha atoeh deudeuheus ka ditoe-ka dieu, didjĕdjĕran koe noe sedjen, istri noe geus biasa deudeuheus.

Dina sabot riweuh kitoe mah manah Neng Eha hĕnteu ngoelajaban, kawoewoeh disanding koe sĕpoeh, tapi barang geus rada lila, iboe-rama djeung Oea geus maroelih deui ka Tjiandjoer, tatamoe geus raat, di boemi kantoen njalira, lain noenggĕlis, da aja kapan poetra kawalon oeroeseun, si Ikĕm deuih. Njalira soteh teu aja batoer sasaoeran, pamĕgat lalamoenan. Katoeroeg-toeroeg si Ikĕm djangdjina ngan keur saheulaanan, sabot tatjan kenging pirentjangeun.

Doea-tiloe kali si Ikĕm amitan, diandĕg bae, atjan aja keur gantina. Moal aja da teu njiar, maksoedna mah nja eta mageuhan Ikĕm bae.

Beuki lila-beuki karaos koe Neng Eha, bedana keur lalagasan keneh djeung ajeuna, tjape loba oeroeseun, loba pikiraneun, pangbĕbĕrah manah teu mĕndak, kawantoe di nagara leutik,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI bp Balai Pustaka

tiiseun. Tjaroge teu iasa ngoleg, sapĕrkara geus aja oemoer, geus teu rĕsĕp otel, hĕnteu rĕsĕp heureuj banjol, djeung kahalangan koe poetra ongkoh. Radjeun sasaoeran bangsa noe darinĕs bae, malah lolobana mah piwoelang. Aloes ari maksoedna mah, tapi kaaloesan teh loba-loba teuing matak djadi goreng djeung ana noe koedoe nampa keur teu hajangeun matak olab, djadi leungit kaaloesan. Noe disiar, hajang roentoet raoet laki-rabi sarta pinaringan sĕnang. Kalajeutan, kasĕnangan djeung kasoekaan tampolana kapanggihna koe noe ngawakan, ah koe kitoe wae, koe pĕrkara leutik, kaheureujan oepamana, teu koedoe didĕloek koe papatah.

Seep pangabĕtah. Neng Eha maroedah deui manahna. Ti beurang dina waktoe sararĕpi, tjarogena ka padamĕlan, maroerangkalih noe sakola atjan maroelih, noe sanesna keur araměngan, Ikĕm keur ka pasar, anoe di boemi njalira, teu poegoeh tjabak, pek gegelehean, rĕsĕp ngalamoen, anoe digoegoeloeng potret Mahmoed. Matja soerat, soerat timoe tea, teu aja kabosĕn.

Djĕlĕma noe geus beak pangabĕtah, teu boga deui pangbĕbĕrah, kahajang loba noe teu kaanteur, kadjadianana mindĕng poesing, teu kaopan, aja kateupanoedjoe saeutik, toeloej moerang-moering. Neng Eha nja kitoe. Tjarogena mindĕng djadi talĕnan teu poegoeh-poegoeh. Noe sabar oge ari mindĕng-mindĕng teuing mah ditintjak, hoedang. Gĕr atoeh djadi tjektjok. Pangripoehna nji Ikĕm, tigogolentjeng dipake meupeus keujang ti ditoe-ti dieu. Maroerangkalih teu pati kaoeroes, diaboer sakarĕpna. Noe djadi rama teu iasa ngadama-dama, kahalangan koe geureuha. Ari ieu, eukeur mah aja kasĕboetna iboe kawalon, kawoewoeh teu rĕsĕp ka ramana, ka moerangkalih teu aja leuleujna, atoeh moerangkalih teh linghas ka sarerea, djadi boedak aboeran. Tjindĕkna boemen-boemenna djoeragan Mantri koesoet lain meumeueusan. Toeang leueut saaja-aja kabisa nji Ikĕm. Keun keur sasaliraeunana, koeat ngawajahnakeun, koemaha maroerangkalih mah teu beunang koe kitoe. Kirang oeroes nja lapoer. Ari anoe njangking doelang, damĕlna ngan loeas-loeis, ngaleos, andjatjlang di pangandjangan, tjara anoe moerag boeloe bitis. Ana digeureuh-geureuh, gĕr

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

tjektjok. Saënggeusna tëroes ngahanakeun, disiar pikangewaeun tjaroge teh. Sakali mangsa mah kawas noe ngahadja mapanas tjaroge. Dina rioengan ngadangoekeun tëmbang, Neng Eha tjalikna ngadeukeutan pamëgët lagas keneh hojong poeas tëpak toël djeung ngadjëmbel. Dina pasamoan kitoe wani banjol tëpak toël, mere boedi tjara ka kahadean, djëlëma boga salaki, nadjan anoe lengoh oge, geus dianggap ngaroeksak tjahara. Ieu mah di pajoeneun tjaroge pisan.

Djoeragan Mantri teu kadoega ningali paningkah geureuha, toeloej amitan ka priboemi, rek moelih. Tambah handeueul djeung lingsëm, wireh noe diadjak moelih, teu këërësa, basana : „Mangga bade moelih mah, abdi mah rësëp keneh."

Gëdjlig djoeragan Mantri loengsoer, kaharti koe sarerea oge bëndoe ka geureuha. Soemping ka boemi dordar teu poegoeh, ambëk-ambëkan. Geus pageuh toetoelak, bloek nangkoeban dina dipan. Teu këërësa ebog di padjoearan, eta bisi kaambeu oeroet sanggoelna, sok tereh leeh amarah, saoerna. Ajeuna rek diwarah, lain antëpeun, toetoer. Ngagolak manah djoeragan Mantri, gëdëbag-gëdëboeg nëpi ka djanari.

Poekoel doea koeroetak Neng Eha soemping, didjadjapkeun koe sobatna sarimbit. Noe di djëro boemi ngadëdëmpes, teu ngawaro ka noe tjëtjëloek, gëgëdor kana panto, kana djandela. Maroerangkalih njararing, tapi teu bisa moeka panto. Ari ngagoegahkeun ka ramana dihoeit, doeg deui wae atoeh ngarëdëng. Si Ikëm njaring, tapi teu bisa asoep ka djëro.

Neng Eha pohara bëndoena, toeloej ngiring ka sobatna, wëngi eta koelëm di dinja. Endjingna nëmpo tjaroge geus angkat ka padamëlan, gësat-gësoet ka boemi, kasampak si Ikëm keur koekoembah. Boes ka boemi, braj moeka lomari panganggo, eusina dioengkab, dipilihan noe haradena. Boesboes kana kopër seng gëde, geus pinoeh djëpret disosi. Los ka poengkoer, gerewek njaoer Ikëm.

„Geuwat Ikëm, ka dieu, sok bae wadah mah di dinja."

„Bade naon Ëneng, aeh, djoeragan ?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

„Disalin ka inja, papakean noe sedjen boentĕl kabeh. Oerang balik ka Tjiandjoer ajeuna."

„Har ari djoeragan, na koemaha ?"

„Montong loba omong. Ari rek miloe, boeroe-boeroe."

„Lah, djoeragan mah, na koemaha ieu teh, djoeragan pamĕgĕt meureun deudeupeun."

„Rek miloe, moal. Ari moal, padoeli."

Gĕroet-gĕroet Neng Eha dodogeran ngagoesoer kopĕr, saisĕd-saisĕd tina katjida beuratna. Ikĕm ngintjid leumpang gantjang dipiwarang mĕgat sado.

Heuleut satĕngah djam Neng Eha djeung Ikĕm geus dina wahon ka-Tjirĕbonkeun. Ti Tjirĕbon mah tĕroes kana kareta api trem nĕpi ka Kadipaten, ti dinja noempang deui kana wahon ka Bandoeng. Ti Bandoeng nĕpi ka Tjiandjoer kana kareta api. Naha bĕt dipĕgat-pĕgat kitoe. Ngarah moerah, ngikĕr-ngikĕr bĕkĕl.

Geus meunang tiloe poë di Tjiandjoer, djol soerat ti djoeragan Mantri, toemaros aja-hĕnteuna noe lolos. Sadjaba ti eta ditĕrangkeun sababna Neng Eha noesoed, tapi hĕnteu dibalakakeun, ngan dihatoerkeun aja pasĕndatan bae, ma'loem noe laki-rabi.

Lalakon oentang-anting minggat teh lain sakali-doea kali, mindĕng. Ari diala deui, ngilitik tara hese. Karaos koe Neng Eha, asa-asa ditĕrapan paraboen tjĕnah. Oenggal-oenggal tas minggat, ana gok djeung tjaroge sok roj karoenja, tapi tara lila, toeloejna mah ngewa deui bae. Waleh mah waleh moendoet dikeser, teu digoegoe. Njieun pikatjoeaeun tjaroge beuki ngahadjakeun, tapi ngan oekoer djadi patjogregan, matak pirak mah hĕnteu.

Doemadak keur djararoewĕt manah Neng Eha tĕpang djeung nonoman noe sarimbag djeung Mahmoed. Ieu roj, itoe oeroej, silihreret pada imoet, sok silihteundeun raga katineung. Oelin-oelinan, kaso ngarojom ka djalan.

Tapi lain pikeun oelin,
raga mah ibarat nala,
hoeroeng bidjil kamalole,
asmara sok njaliara,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

saliring diri panas,
kapĕgoeng sok matak woejoeng,
matak kadoehoeng dioembar.

Kamaleuang kamalole, keur hanaang manggih wedang. Paingan tjek kakawihan :

Oetjing-oetjingan eong,
boentoet pandjang djadi pondok,
oelin-oelinan eong,
oeroet hajang djadi bogoh.

Oetjing-oetjingan eong,
boentoet pandjang djadi pondok,
oelin-oelinan eong,
oeroet ngandjang djadi mondok.

Asal niat panganggoeran, sĕdja ngabangbrangkeun hate, kalĕpasan njolowedor, wani salingkoeh njelewer.

Barang kabĕtak, ngĕdjat minggat ka Tjiandjoer.

VI. ABOER-ABOERAN.

Djoeragan Mantri tina gĕdena doeriat ka geureuha, ka mĕrtoea dikiloengan bae, hĕnteu diwaktjakeun, jen Neng Eha kitoe-kitoe lampahna.

Minggat ka Tjiandjoer, disoesoel koe sĕrat. Geus rada lila disoesoel deui koe piwarangan, tapi lapoer, Neng Eha moegĕn teu kĕrsa moelih deui ka tjaroge. Salirana mani langsit, koe sabab koerang koelĕm. Pitoeah djeung tĕmah wadi sĕpoeh teu aja noe napak, tjara tjai dina daoen taleus. Keur diwoeroekan koe ramana, diseuseul, diseukseukan, disingsieunan koe tjarita-tjarita tjek kitab, tara ngalawan, tara nembal-nembal atjan, toengkoel mando masing sababaraha djongdjongan oge. Anoe mĕta ngan tjoeroekna oetak-oetĕk, ngoëtan samak. Poetoes noe sasaoeran, noe disaoerkeunana oge moesna tina manah Neng Eha, boes ti kentja blos ka beulah katoehoe, soep ti katoehoe plos ka kentja. Anoe digalih beurang-peuting, ngan hojong geura dilisanan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Dina hidji peuting ngagoegoedjĕg ka Oeana, palaj dianteur ka noe sok radjeun toetoeloeng ka noe keur kasoesahan.

Oea : „Rek naon, rek koemaha pikarĕpeun ?"

Neng Eha : „Lah Oea mah, anteur bae abdi."

Oea : „Heueuh, rek naon ? Moal dianteur, moen teu dibedjakeun mah."

Neng Eha : „Ja Alloh, na Oéa, parantos teu njaah ka abdi ?"

Oea : „Mana dipapatahan, dielingan oge, saking koe njaah, djeung era koe deungeun-deungeun."

Neng Eha : „Abdi mah teu era, bongan saha, maksa noe teu soeka. Kapoengkoer oge, oepami abdi teu diparaboenan mah, moal ĕnja dongkap ka kieu, pikir djoewĕt, badan roeksak. Tjing mangga atoeh Oea, bilih wĕngi teuing, kaboedjĕng marondok."

Oea mani ngarandjoeg, manahna asa disogok koe haroepat, Eha ngoetjapkeun magah diparaboenan, toeloej mariksa : „Na ti saha Eha njaho diome ?"

Neng Eha: „Teu ti sasaha, tĕrang soteh ajeuna parantos gadoeh pikir, sĕring ngoeping ti batoer anoe keuna koe pamake. Di ditoe aja tatangga oerang Darmaradja ngagorah wae njarioskeun pĕrkara gĕndam, asihan, pelet, ah bangsa noe kararitoe we. Ajeuna geus laas kawasna pamakena, ka abdi teu teurak. Tjing mangga atoeh Oea, abdi anteur."

Oea: „Edas wae ieu mah geura ana geus ngagoegoedjĕg kolot teh. Nam ka itoeh."

Kira-kira satĕngah salapan Oea loengsoer ti boemina, diiring koe Neng Eha, paiistrian wae doeaan. Tjĕtrek-tjĕtrek sora gamparan Oea. Heuleut satĕngah djam geus saroemping ka noe didjoegdjoeg, njampak simpe, tapi di djĕro imah tjaang keneh damar, atoeh di tĕpasna tjaang koe lantera kaleng, ngagawing loehoereun golodog.

Neng Eha: „Boa teu araja, Oea ?"

Oea : „Ah, na da tara njanjabaan."

Oho-oho di djĕro imah sada batoek aki-aki.

Oea : „Tah geuning batoekna. Poentĕn !"

Sora aki-aki : „Rampes, saha ?"

Oea : „Koering."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Aki-aki : „Ti mana ?"

Oea : „Koering ti Kaoem."

Aki-aki : „Ke, saha ti Kaoem wĕngi-wĕngi ?"

Rĕket moekakeun panto, hol aki-aki geus rada dongko ditasma, totopongna ngĕre, dibadjoe takwa ĕntjit madras, disamping palekat, ngabĕnggoel gelenganana dina beuteung.

„Mangga tjaralik, ka dieu bae ka djĕro," omongna.

Tjat istri-istri teh ka golodog, noenda gamparan, tĕroes ka tĕpas, boes ka djĕro. Rĕket deui panto noetoep.

„Aeh-aeh, geuning kananga sarĕng tjampaka," tjek aki-aki.

Oea : „Ih, ari taeun teh pitjoeng mah."

„Mangga linggih, ieu kana amparan, eta ngarĕrĕs," omong aki-aki bari ngasongkeun samak bĕrĕsih. „Nini tjing hoedang, deuleu ieu aja menak soemping."

Oea : „Keun bae ĕmang, ĕntong ngaroesiakeun. Poegoeh aja pĕrloe pang ka dieu teh."

Aki-aki : „Bade ngĕrsakeun naon Nji Raden teh, aki-aki mah hapa."

Oea : „Ieu boedak noe boga maksoed teh." Toeloej malik ka poetra : „Pek ka injah, njarita sorangan, ambeh poegoeh."

Neng Eha : „Ah, mangga wae koe Oea saoerkeun, abdi hajang tiasa enggal pĕgat sarĕng noe ajeuna."

Oea : „Kieu mang Okom, ieu nji Saleha teu roentoet djeung salakina, hajang bisa tereh pĕgat tjĕnah. Ajeuna nĕda pitoeloeng ĕmang, koemaha narekahanana, soepaja itoe noe gĕde doeriat, leah."

Neng Eha : „Lah, pohara bapa teu ngeunahna hate boga salaki ka dinja teh, noe matak hajang bĕt wae pĕgat."

Mang Okom : „Beu, eta mah Ĕnden, atoeh sanes pĕrkawis gampil, mĕgatkeun doeriat, imbang-imbangan sarĕng mĕgatkeun ni'mat batoer, mĕgatkeun pati. Teu sanggĕm, sieun doraka, dosa gĕde etah."

Neng Eha : „Wah, bapa mah naon ni'matna. Geura, koering pang nĕpi ka ngĕdjat ka dieu koe geus beak pangabĕtah, beak kasoekaan ; itoe moal ĕnja ngeunah, moal sĕnang dipangngĕdjatkeun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

koe pamadjikan. Tjek koering mah ĕmang, mĕnding pondok djodo, ambeh pada loegina djeung hĕnteu mandjangkeun doraka."

Oea : „Ĕnja mang Okom, ari diteang-teang ka dinjana mah, pandjang djodo awet radjet, ma'siat lahir-batin saoemoer-oemoer."

Mang Okom : „Ke Nji Raden, ieu teh parantos loeas, moal kadoehoeng, parantos dibeuweung dioetahkeun ?"

Neng Eha : „Ja Alloh, bapa, aja keneh pangharĕpan mah moal ĕnja koering datang ka kieu. Disoeratan, diteang, koering ĕmboeng. Djeung daek balik deui mah noetoerkeun, anggoer rek kaboer, ngadjoeal maneh soegan ka Deli."

Mang Okom : „Ke atoeh oerang pĕlĕng heula ..... Ih, geuning ieu gĕde doeriat, moal ngalisanan, hanas dosa, moal boeroeng dihampoera, asal pĕrtobat. Toeh, moen Nji Raden kĕrsa, dirawoe deui. Paměgĕt djĕmbar manahna ieu, sabar, hampoeraan, moerah tangan, rĕsĕp kana kasaean, sarĕng rĕdjĕkina teu woedoe deuih. Emoetan bapa mah Nji Raden, mĕnding rapih deui, ĕngke kapĕndak kasĕnanganana."

Neng Eha : „Parantos teu kiat, bapa. Apan ieu badan nĕpi ka rĕgeng kieu."

Mang Okom: „Alaaah, teu bogoh mah peureum wae Nji Raden, lila-lila djadi biasa, timboel njaah. Lajeut parantos kitoe mah, sĕpoeh meureun sĕnangeun, raos ningalikeun."

Neng Eha : „Ah, da lain eta noe diharĕp."

Mang Okom : „Euh, bade maksa ngadolos kĕrsa, nja moal ngalalangkoengan, nanging belang-bengsalna, lara palanganana, tjilaka dorakana Nji Raden koedoe wani mananggoeng. Mangga koe bapa dihatoeranan."

Neng Eha sanggoep nandangan sagala-galana, asal bisa laksana kĕrsana.

Dĕrĕkdĕk koe pa Okom dipitoeahan, koedoe mandi sakitoe kali, babatjaanana anoe-anoe ; koedoe njĕnen-kĕmis meunang sakitoe kali ; hadjatna saban wĕwĕdalan anoe-anoe, idjabna ka anoe ka anoe ; saban peuting ieu wiridanana sakitoe ratoes, malĕm Sĕnen malĕm Kĕmis salat taat opat rakaat didjieun doea kali salam,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

barabat babatjaanana, waktoena tĕngah peuting, sabada salat pek nĕnĕda ka Pangeran, naon noe dimaksoed.

Pa Okom : „Tah Nji Raden, bapa mah ibarat pandaj njieun bĕdog. Oepami eta bĕdog dipake ngala soeloeh, oentoengna keur noe make ; oepami dipake ngarogahala djĕlĕma, noe roegi ahirna noe make keneh. Kahartos ?"

Neng Eha : „Kahartos, ngan adoeh koe pohara beuratna. Tjing aja noe enteng, bapa ?"

Pa Okom : „Aja, ngagantoeng maneh."

Oea : „Hih, atoeh ngagoedjroedkeun kikitoean mah. Ieu mah noe disiar teh herang tjaina, beunang laoekna, tarekahna enteng, tapi matak oentoeng."

Pa Okom : „Soemoehoen kahartos, kahojong sadaja eta teh."

Neng Eha : „Na bapa, moal pisan ngabantoean ?"

Pa Okom : „Ngiring ngadoakeun, soepaja Nji Raden salamĕt."

Ti dinja Neng Eha djeung oeana amitan rek moelih. Pa Okom ngageuingkeun anakna, ki Adoen : „Adoen, Adoen ! hoedang, djadjapkeun deuleu ieuh djoeragan Tedja ka Kaoem. Lanterana itoe bae toeh noe di tĕpas."

Bĕng Neng Eha njĕratan ka tjarogena, beda ti sasari basana dianggit, moendoet dihapoentĕn, tina sadaja kalĕpatan, nganoehoenkeun kana sadaja kasaean tjaroge anoe parantos katampi koe andjeunna. Barabat njarioskeun kaawonanana laki-rabi awet radjet, koe sabab eta toengtoengna moendoet dikeser. Walonanana pondok, pandjangna mah rek koe lalambe sakalian ngadeuheusan lĕbaran. Sieun amprok toeloej kabandang deui, saĕntas nampa soerat teh Neng Eha sĕbroet ka Bandoeng, ngaboedjĕng piramaanana. Ma'loem di Bandoeng loba keur ngabangbrangkeun kasoesah, Neng Eha hĕnteu ngoeloewoet teuing. Isoek-isoek batoer riab noe ka padamĕlan, noe ka pasar djeung sadjaba ti dinja, andjeunna oge kĕntjling angkat, tempo panas moelih. Pasosore moro ioeh, kĕlĕjĕng deui pĕlĕsir, soemping-soemping geus poĕk. Saban poĕ kitoena teh, djadi ajana di boemi ngan tĕngah poĕ

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

djeung peuting. Sabot di Bandoeng mah nětěpan magribna kodo bae, ditoemboekeun kana salat isa.

Dina hidji poë kira wantji satěngah gěněp, panganggoeran boes ka toko „De Zon". Kaběněran di toko teu pati rea djělěma. Barang andjeunna deukeut ka istri tiloean noe keur ningalian ěntjit paris, ngadangoe saoerna noe saoerang : „Tah Tjitjih mah ieu noe kieu karěsěpna, bangsa anoe saloer-saloer."

Ditembal koe noe saoerang : „Aeh, ka mana tjěnah geuning Tjitjih teh pindahna ?"

„Ka itoe noetoerkeun tjarogena ka Samarang."

„Geus doea nja batoer oerang noe pajoe."

„Tjek saha doea ? Opat : Neneh, Ijoh, Jojoh, Tjitjih, toeh opat."

„Ěnja ari Neneh djeung Jojoh diitoeng mah. Tapi noe pangoentoengna Tjitjih, nja. Aloes milikna. Saha teh ngaranna, eueueu taeunana ?"

„Mahmoed, oerang Soekaboemi."

Sěblak teh Neng Eha, ngadangoe noe njěbat beubeureuh bareto, geus nikah ka oerang Bandoeng. Dadak sakala teu poegoeh mamanahan, angěn ratoeg, napas kěntjěng. Ti toko goera-giroe bidjil, tjlak kana delman. Lěbah toko „Katjěpet" eureun, meuli kěrětas, amplok djeung parangko. Tjlak deui kana delman těroes ka kantor pos. Di kantor pos ngagetret noelis roesoeh, njieun soerat ka Den Bahroem, moendoet katěrangan, talete pisan. Anggeus, soeratna, boes kana koropak. Loengsoer ti dinja rada loengse, lalamoenanana ti bareto moesna pisan tjara eukeur tjaang lenglang, gělěboeg angin gěde boela-bali, reup angkeub boeana paděm, tingbělědoeg sora goegoer, tingbělědag sora gělap, kilat tatit tingboerinjaj. Teu karaos ngadjěngdjěn di sisi djalan hareupeun kantor pos salila lila. Mobil delman pasoeliwěr, djělěma balawiri teu katingali. Lampoe geus raang teu kanjahoan. Padahal ngaděg di dinja teh rek meuntas djalan.

Ras emoet, djědjěg deui manahna, tjlak kana delman, moelih.

Ari soemping ka boemi, djalan ka poengkoer, gok djeung rentjang. Teu dipariksa deui rentjang teh hatoeran, pokna : „Djoeragan, aja tatamoe paměgět doeaan ti Tjiandjoer."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

Neng Eha : „Hadji, lain ?"

Rentjang : „Noe saoerang hadji, noe saoerang deui sanes."

Neng Eha geus tĕg, moal saha eta noe doeaan teh, tangtoe ramana djeung tjarogena njoesoel. Tapi hojong sidik, pok mariksakeun : „Koemaha dĕdĕganana ?"

Rentjang : „Doepi hadji, djangkoeng-djangkoeng koneng, noe sanes hadji mah dĕdĕg, roembahna djalatreng, sĕgoet."

Neng Eha : „Dimarana ajeuna, geuning djĕmpe."

Rentjang : „Keur narĕtĕpan keneh pangintĕn."

Neng Eha : „Oelah loba omong, nja. Tah keur djadjan. Geuwat pangnjokotkeun badjoe, koetang, samping djeung andoek."

Rentjang : „Noe mana, djoeragan ?"

Neng Eha : „Noe mana bae satopna. Geuwat, bisi kaoeninga koe Ĕmbi."

Rentjang poerat-perot, bloes ka pangkoelĕman Neng Eha, leumpang tjara noe ngintip sieun gamah. Bidjilna deui nja kitoe. Beunangna njokot dihatoerkeun ka Neng Eha. Di dapoer nji landjang imoet, ngilikan tĕngahan weuteuh keneh. Neng Eha mah ari nampa boentĕlan, ari leos ngitjiprit angkat roesoeh bari koetoekgĕndĕng : „Djoerig teh kalah ngoedag-ngoedag, manan mere soerat talak mah."

Di djalan ngeureunkeun kahar, tjlak ditoenggangan. Dina kahar ngamanah-manah, ka mana nja piloseun. Diemoet-emoet, ditataan hidji-hidji sobat-sobat pamanna anoe ĕnggeus diandjangan. Geus tjop ka noe pikarĕsĕpeun istrina, gilig rek ngadon ngendong di dinja. Tapi bisi kapapaj koe noe njoesoel, moal waka ka dinja, rek ningali bioskop heula. Digalih deui, sieun tĕpang djeung noe wawoeh. Toengtoengna los ka Insulinde-park. Loengsoer tina kahar nojod wae kana bangkoe noe singkoer, gek tjalik, sok boentĕlan di gigireun, tjoeroetjoed tjisotjana bidjil, teu beunang diampeuh. Ngeueung njalira di noe poĕk. Roesras seueur kaemoet, nambahan kasĕdih.

„Ĕmh, moen Ajah ngadangoe mah kana saoer Oea, aing moal nĕpi ka kieu," saoerna bari njoesoetan tjisotja. Rĕj tjoea, tjeutjeub

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI 6p Balai Pustaka

ka Tjitjih, madjarkeun teh ngarĕboet taeun batoer, padahal Tjitjih mah teu toeah teu dosa, teu ngarĕboet, teu sing.

Kolonang-kolonang sora lotjeng, dibilang, sapoeloeh kali.

„Ja Alloh, eta geus poekoel sapoeloeh."

Djoeng ngadĕg, boentĕlan diais, angkat ngintjid. Noe disĕdja ka Kadjaksan, rek ka boemina sobat bibina tea. Di Boengsoeweg lĕbah noe rada poĕk gok djeung pamĕgĕt noengtoen kareta-mĕsin. Ieu pamĕgĕt geus awas ka noe ngalanggeor ti kadjaoehan keneh. Dina kĕrĕtĕg manahna, koe oerang bisa katĕgoeh. Pamariksana meureun : „Saha ? Rek ka mana ? Rek naon ?"

Koe sabab ngoelamprĕng sorangan, nadjan nilik dangdanan lain djĕlĕma noe parantina ngalakoekeun, koe pamĕmĕt teh dipĕgat, dipariksa : „Bade angkat ka mana ?"

Neng Eha ngarandĕg, reuwas, sieun aja, atoh aja. Sieunna, bisi koemaonam. Atohna di noe pikakeueungeun aja djĕlĕma, toeroeg-toeroeg lalaki, beunang dipentaan toeloeng. Pok ngadjawab : „Bade ka djoeragan Koesoemah."

Pamĕgĕt : „Njalira bae ?"

Neng Eha : „Soemoehoen, margi teu aja noe pinganteureun."

Pamĕgĕt : „Masja Alloh, loedeungan, angkat-angkatan wajah kiwari njalira."

Neng Eha : „Sontĕn keneh, mios mah tadi."

Pamĕgĕt ngĕrekkeun kajoe-api, ningali erlodji, saoerna : „Tadi angkat teh taboeh sabaraha ?"

Neng Eha : „Doeka, pangintĕn taboeh toedjoeh kirang, ngawitan poĕk wae."

Pamĕgĕt : „Hawatos teuing, ajeuna ieu parantos satĕngah sawĕlas langkoeng, teu atjan kapĕndak."

Sadjĕroning sasaoeran kitoe dina manahna mah pamĕgĕt teh dagdagan. Tĕroes neangan boemi djoeragan Koesoemah, rek dianteur, moelih deui ka boemina rek ditoetoerkeun. Neng Eha tĕtĕg manahna, sabab eta pamĕgĕt hade basa, panganggona beres, pĕtana hĕnteu koemawani, hĕnteu ngahina sapĕrti ka awewe dagangan. Rek moendoet toeloeng, hojong dianteur, teu wantoeneun pok.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Pamĕgĕt sasaoeran deui : „Oeninga boemina djoeragan Koesoemah teh, djalanna sarĕng nomĕrna ?"

Di loearna mariksa kitoe, di djĕro manahna mah : „Aloes inditinditan ieu. Teu njana rek boga papanggihan. Boro ambĕk tadi, kareta-mĕsin kĕmpes banna. Sihoreng rek papanggih djeung noe lĕndjang."

Neng Eha raga-reugeu rek ngadjawab teh, toengtoengna pok waleh : „Noe mawi hilap deui. Kapoengkoer ka dieu teh wĕngi deuih sarĕng poen bibi. Sidik djalanna mah ieu, ladjĕng mengkol ka djadjahan, tĕras mengkol deui. Teu tĕbih ti pengkolan soep ka pakarangan, ladjĕng mapaj pipir, tiloe rorompok, kaopatna boemi djoeragan Koesoemah."

Pamĕgĕt „Koemaha ngilarina sakieu poĕkna ?"

Neng Eha : „Nja eta abdi teh bingoeng, mangkaning pĕrloe teu kintĕn."

Pamĕgĕt : „Hawatos teuing, mangga disarĕngan."

Djoeng angkat parerendeng bari salasaoeran. Neng Eha bingah manah, keur keueung aja noe rido njarĕngan, nganoehoenkeunana oge mani sababaraha kali, basana : „Teu kintĕn bae abdi noehoenna, djoeragan kĕrsa noeloeng noe kapahoeng."

Pamĕgĕt : „Soemoehoen, ĕngkang oge teu kintĕn bingahna, wireh nĕmbe ajeuna ngaraos asa djadi djĕlĕma."

Neng Eha : „Geuning kitoe djoeragan mah, aneh sasaoeran teh."

Pamĕgĕt : „Sajaktosna ĕngkang mah nĕmbe ngaraos djadi djĕlĕma mangpa'at keur istri. Kitoe soteh, wireh Ĕnden nganoehoenkeun bae, moeng doeka, oepami noehoenna noehoen tamba pamali mah, ngalap hate ĕngkang."

Neng Eha : „Ja Alloh, teu dipĕrtjantĕn. Abdi noehoen teh, Djagan, naha kĕdah soempah. Kĕdah koemaha nja nganoehoenkeun ? Sakieu keur keueungna aja noe mihawatos."

Pamĕgĕt : „Emoetan ĕngkang noe bodo, noe mihawatos dipihawatos deui kĕdahna, noe asih dipikaasih deui. Koemaha manah Ĕnden ?"

Neng Eha : „Soemoehoen kitoe kĕdahna, nanging ....."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

Pamĕgĕt : „Tah noehoen, manah Ĕnden tjotjog sarĕng emoetan ĕngkang."

Neng Eha : „Soemoehoen, nanging ....."

Pamĕgĕt : „Ĕntong nganggo nanging, bilih mentjog deui."

Noe arangkat nĕpi ka djalan simpangan.

Saoer pamĕgĕt teh : „Ieu djadjahanana ?"

Neng Eha asa-asa, pok ngawalon : „Sanes, asa beh ditoe da."

Pamĕgĕt : „Mangga oerang ka dieu heula. Ieu ĕngkang bade nitipkeun kareta-mĕsin, ridoe."

Neng Eha : „Mangga wae toenggangan, teu sawios abdi mah leumpang."

Pamĕgĕt : „Noe mawi kĕmpes banna. Mangga, da tjakĕt tah di dinja. Ĕnden dikantoen njalira di dieu mĕlang."

Neng Eha mandĕg-majong, laliat kĕrsana, awahing koe hantĕm dimangga-mangga. Teu bohong eta pamĕgĕt teh nitipkeun kareta-mĕsin ka sobatna.

„Mangga ajeuna mah, Ĕnden, bade ka mana, ĕngkang teu ridoe," saoer pamĕgĕt teh bari njampeurkeun deui ka Neng Eha.

Kawantoe djalan poĕk, teu katingal tintjakeun, ari batoe rada taringgoel, ma'loem djalan djadjahan teu rata, Neng Eha tita-radjong, tidjalikeuh.

Pamĕgĕt : „Eudeuh, teu koea-kieu sampean ? Mangga moentang ka ĕngkang, bilih geubis."

Panangan Neng Eha ditjandak koe pamĕgĕt teh. Karaos lĕmĕsna, haneutna, gĕtĕrna. Angkat lĕndo, njasat dirarampa. Panangan Neng Eha dihompet koe noe ngagendeng, magar teh bilih geubis, doeanana repeh, lir aja noe diraraoskeun. Neng Eha dihompet panangan teh teu baha, sanadjan manahna asa ragab oge, baba-koena doemeh ĕnja sieun geubis djeung titadjong.

Ari pamĕgĕtna ?

Watĕking napsoe teu kaop dibere saeutik sok hajang gĕde. Ti noe poĕk djol ka djalan gĕde, ka noe tjaang, teu lesot pakael panangan. Oenggal Neng Eha rek morosot, dipageuhan.

Paingan, boh tjek para ahli agama, boh tjek para ahli atikan, dalah tjek djĕlĕma loembrah noe ngagĕdekeun soesila, magar teu

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

hade awewe djeung lalaki noe lain moehrim reureudjeungan, komo ieu mah di tĕmpat noe teu kaasoep djatnika, mangkaning ari lalaki mah ilaharna sok tjara oetjing, teu paja njanding paisan. Ari ieu, eukeur mah oetjingna oetjing garong, heug paisan sakitoe girinjihna, sasat ngagoler loeareun tetenong, teu aja noe nganjahoankeun. Dina lĕbah dinjana moal hade ditjaritakeun, ngan noe poegoeh bae matak paoer djeung lalinoe noe boga anak awewe. Noe matak mangka waspada.

Teu lila djol deui ka djadjahan.

Pamĕgĕt : „Tah, djadjahan deui ieuh. Ka dieu njimpangna, sanes ?"

Neng Eha : „Soemoehoen asana."

Boes ka djadjahan, nja poĕk nja simpe.

Pamĕgĕt : „Kade Ĕnden, poĕk, bilih tjara tadi tidjalikeuh."

Sakoemaha ilaharna oetjing, lamoen di noe tjaang wanieun oengas-ingoes kana tetenong, di noe poĕk mah wani nĕpi ka kokorowot djeung kakaoetna kana toeroeb. Tjatjakan oepama tetenong bobo, wah djangdji boerak-barik.

Nadjan sĕpi, nadjan poĕk, da poegoeh di djalan, Neng Eha emoet. „Ja Alloh, tobat Goesti. Na ari pamĕgĕt bĕt kaniaja."

Pamĕgĕt : „Moegi Ĕnden djĕmbar pangapoentĕn. Ĕngkang roemaos teu kiat ngabĕndoeng napsoe. Hĕnteu aja wae loentoering sih hapoentĕn Ĕnden ka diri ĕngkang, bĕndoe disoehoen, sadaja-daja koemaha pangĕrsa Ĕnden, ĕngkang njanggakeun diri sakoedjoer."

Neng Eha : „Lah, parantos, sot ieu ! Hajang geura dongkap ka noe didjoegdjoeg."

Djoeng deui arangkat, mengkol teu manggih lawang, teu kapanggih lĕbahna sisimpangan, oenggal boeroean dipagĕr, pantona mareundeut. Boelak-balik, Neng Eha samar polah, aral salĕbĕting galih, hing wae nangis.

Pamĕgĕt : „Oelah wara nangis Ĕnden, lĕbar eta koe tjisotja."

Neng Eha : „Koemaha abdi parantos tjape. Wangsoel-wangsoel ka mana."

Pamĕgĕt : „Na di mana boemi teh ?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI

Neng Eha : „Tĕbih, di Koeningan."

Pamĕgĕt : „Atoeh lĕpat sangkaan ĕngkang teh. Pangintĕn ĕngkang Ĕnden teh ti Tjiandjoer."

Neng Eha : „Soemoehoen kawit mah. Abdi teh bade ngadon ngarĕrĕb sawĕngi di djoeragan Koesoemah, endjing bade tĕras ka Tjiandjoer."

Pamĕgĕt : „Wargi ka djoeragan Koesoemah teh ?"

Neng Eha : „Sanes, moeng teu kintĕn saena sarĕng poen paman, geureuhana batoer amĕng poen bibi ti aalit, noe mawi abdi teu asa-asa ngaboedjĕng ka arandjeunna."

Pamĕgĕt : „Sanes kitoe Ĕnden, sakalieun ngarĕrĕb mah di ĕngkang bae, da aja atjeukna noe pingangkĕneun."

Neng Eha : „Lah, ararisin teuing. Siga naon istri ditjatjandak koe pamĕgĕt, sanes oemoem sanes wajah, teu wawoeh-wawoeh atjan. Manan ngangkĕn, raji kalah bĕndoe pangintĕn."

Pamĕgĕt : „Ih, sanes pamadjikan, atjeuk, lantjeuk ĕngkang, ĕngkang mah teu gadoeh bodjo."

Neng Eha : „Ah, isin, masing koe saderek oge. Tangtos abdi disangka koe andjeunna djĕlĕma teu poegoeh."

Pamĕgĕt : „Ari parantos, bade koemaha, bade ka mana. Teu tega ĕngkang ngantoenkeun di tĕngah djalan. Mangga ajeuna mah oerang ka rorompok ĕngkang. Endjing ka sĕtatsion didjadjapkeun, oelah sĕmang manah."

Neng Eha : „Lah, bingoeng abdi teh."

Pamĕgĕt : „Tjatjandakan di mana ?"

Neng Eha : „Teu ngabantoen nanaon, moeng ieu papakean keur salin sapangadĕg."

Pamĕgĕt : „Tjoemah Ĕnden, digalih oge. Mangga wae oerang ka rorompok ĕngkang. Tjobi ieu, parantos taboeh doea wĕlas."

Neng Eha : „Lah, koemaha atoeh ? Tĕbih boemi teh ?"

Pamĕgĕt : „Tjakĕt. Oerang ka itoe ka „Djalan Naripan" mĕgat delman."

Neng Eha doemeh tadi magar parantos palaj, toer sakitoe poĕkna djeung djalan taringgoel ngan pek bae dikaleng angkat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI bp Balai Pustaka

satĕngah digoesoer. Kabĕnĕran pisan ari djol ka „Djalan Naripan" kĕtĕplik delman ti wetan. Delman eureun, tjlak taroenggang.

„Ka mana, Gan?" tjek koesir.

„Ka pasar," saoer pamĕgĕt teh.

Neng Eha teu sasaoeran, pamĕgĕt tea repeh bae. Barang nĕpi ka parapatan Kaoem, Neng Eha naros: „Bade naon ka pasar heula?"

Pamĕgĕt: „Ĕngkang mah rada lapar, oerang njate heula."

Di dinja mah soto, sate, ĕmi, sangoe goreng, tjikopi teu aja oesoemna wajah koemaha oge aja.

Sanggeus toeang-leueut, pamĕgĕt djeung Neng Eha tjlak deui kana delman, tĕroes ka Kĕbonsalak boemina pamĕgĕt tea. Soemping ka boemi, njondong damar pajoen ngagĕntjlang keneh, dina madja aja soerat kabar atjan diboeka. Panganggoeran koe Neng Eha ditingalian adresna: R. Kosim, adjunct-Commies.

Kabĕnĕran noe toenggoe boemi teu hese digeuingkeunana. Boes ka djĕro, gek Neng Eha tjalik dina dipan, ningali djam geus poekoel doea.

„Doea djam deui, aing indit, moro kareta soeboeh noe ka Tjiandjoer," saoer Neng Eha salĕbĕting galih.

Den Kosim boes ka kamar pangkoelĕman, tjoetjoel-tjoetjoel, gĕntos koe piama, toeloej njampeurkeun deui Neng Eha sarta mariksa: „Di mana sĕlop Ĕnden?"

„Itoe di loear di golodog."

„Euh, bisi koe andjing," saoer Den Kosim bari ngodjengkang ka loear njandak sĕlop, sok deukeut panto. Pĕs mareuman damar hareup, djĕpret njosi panto. Geus kitoe gek tjalik tjakĕt Neng Eha sarta saoerna: „Mangga Ĕnden geura koelĕm, ieu parantos wĕngi."

„Abdi mah bade di dieu bae."

„Eum, Ĕnden mah, moal sae. Itoe di padjoearan. Di dieu mah tiris sarĕng ngaliglag. Ĕngkang mah parantos toendoeh."

Neng Eha: „Mangga wae bade koelĕm mah."

Den Kosim: „Moal sae Ĕnden, mangga. Eta panganggo geura gĕntos."

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

Pĕs damar tĕngah dipareuman, kari tjaang meueusan ti kamar padjoearan. Den Kosim teu sasaoeran deui, ngan Neng Eha sada nangis, roepina teu kintĕn prihatosna doemeh kapaksa kĕdah ngalaman digeugeuleuh salira koe djalma saliwat, teu kalis koe disaoerkeun, jen kagoengan tjaroge.

Moenggoeh pikeun awewe mah kadjadian saroepa kitoe teh taja bedana ti meunang tjilaka gĕde.

Koe Den Kosim Neng Eha teh habĕn dilĕlĕdjar, malah didjangdjian, jen isoek, balik ti kantor, tas toeang taboeh tiloe bade diboedjĕng dina motor ka Tjiandjoer. Djaba ti eta didjangdjian, jen lamoen geus sidik diberesan koe tjarogena, Den Kosim ge sajagi baris mihoekoem Neng Eha kalawan sah.

Nĕpi ka doer bĕdoeg soeboeh, teu aja noe sarare.

Isoek-isoek rada poĕk keneh Neng Eha didjadjapkeun ka sĕtatsion koe Den Kosim, kartjis dipanggaleuhkeun. Den Kosim ngagaleuh kartjis peron. Geus tjalik dina kareta, Den Kosim mariksa : „Bĕndoe keneh ka ĕngkang ?"

Neng Eha ngagĕrĕjĕm ngawalonna : „Hĕh, pamĕgĕt ....." Ngadilak bari njiwit.

„Pamĕgĕt koemaha, Ĕnden ?" saoer Den Kosim.

Neng Eha : „Doeka ah ..... Ti dieu taboeh tiloe, soemping ka Tjiandjoer taboeh sabaraha ?"

Den Kosim : „Taboeh lima oge dongkap."

Memeh kareta indit, kaboeroe keneh badami, babakoena hal mapag di Tjiandjoer, diantosanana koe Neng Eha di Kĕbontjaoe, di imah Ma Entjih, panglajar pangbangenanana di Tjiandjoer mah.

Pasini geus asak, Den Kosim toeroen tina kareta. Gĕlĕsĕr kareta indit.

„Mangga atoeh ĕngkang ! Oelah lĕpat, koe abdi diantos."

„Mangga Ĕnden. Moal, moal tjidra," walon Den Kosim bari goegoepaj.

Sorena poekoel satĕngah salapan sontĕn geus djol deui Neng Eha soemping ka Kĕbonsalak ditjandak ti Tjiandjoer koe Den Kosim dina motor. Pĕrloena ka Tjiandjoer ngan njidikkeun, ĕnja hĕnteuna Mahmoed geus nikah. Mariksakeunana torodjogan ka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

kantor pos, nĕpangan Den Bahroem, ti sĕtatsion teu ka boemi heula. Malah di Tjiandjoerna ge sasat njoempoet salamina ngantos Den Kosim. Teu salah dadangoean Neng Eha di toko teh. Koe sabab eta loeas manahna nempel ka Den Kosim teh.

Kitoena teh awahing teu kiat nandangan kapeurih galih. Ngarĕp-ngarĕp Mahmoed, kabogoh ti kakara baleg, sami sarĕng ngoedag-ngoedag kalangkang heulang. Ka tjaroge, djabi ti teu aja kasoekaan teh ngahidji oge da awet radjet, kalah ka pandjang panjerewedan, oenggal poë ngawoewoehan bae pidorakaeun. Koe sĕpoeh, baba-koena koe rama, raraosanana asa digĕbroeskeun kana djoerang kaprihatosan, asa teu diangkĕn, asa dihadja didjoeroeng sangsara.

Tina koe margi eta nja doegi ka roeboeh kapĕngkoehanana, roentag imanna, kĕrsa toemoet ka lalaki amprok saliwat.

Ari ramana, pamanna, katiloe tjarogena, idĕr-idĕran ngilari. Neng Eha keur toeang sangoe goreng di Pasarbaroe, noe ngilari kakara saroemping ka boemi, moelih mapaj-mapaj ka noe sok kaandjangan. Lapoer wĕngi eta mah teu aja noe bisa mere katĕrangan. Meunang lima poë noe ngilari ngaraos bosĕn, dian-tosan di boemi, soegan aja titahanana njokot panganggona, loepoet. Geus saminggoe djoeragan Kalipah moelih deui ka Tjiandjoer. Ngĕtĕk-ngĕtĕk bĕndoena. Kawasna moen kapĕndak harita-harita, wah, moal inggis nanganan poetra. Beuki tambah bĕndoena, aja bedja Neng Eha toenggang motor, noetoerkeun pamĕgĕt. Disoesoel deui ka Bandoeng. Wah, neangan djĕlĕma saoerang di kota Bandoeng, ari lain daradjat-daradjat teuing mah, iraha pikapang-giheunana.

VII. BABALIK PIKIR.

Meunang lima boelan Neng Eha saboemi djeung Den Kosim. Sakali-kalieun sok ka Tjiandjoer soesoeloempoetan. Den Kosim geus meunang katĕrangan, jen ĕnja Neng Eha kagoengan keneh tjaroge, atoeh masing Neng Eha moheng hojong ditikah oge, teu bisa. Teu oemoem di oerang mah istri kagoengan tjaroge doea, soemawonna leuwih.

Koe sĕpoehna geus teu diangkĕn, pangpangna ramana teu kĕr-saeun kadatangan. Koe tjaroge teu dipadoeli, ditalak hĕnteu, da

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

noesoed. Hĕnteu lĕpat tjarogena, diala, disoeratan, dipapagkeun, diteangan, manan noeroet kalah oelas-ilĕs, meudjeuhna ditambang teh. Keur aja keneh di sĕpoehna mah, hĕnteu diantĕp, saban boelan dikintoenan.

Sĕnang teu sĕnang Neng Eha saboemi djeung R. Kosim teh. Sĕnangna toeang-leueut teu koerang, panganggo teu roedin, koe Den Kosim dipikanjaah, dipikaasih tjara ka geureuha. Teu sĕnangna teu bisa babarĕngan kana pasamoan, oepami Den Kosim kana ondangan, kana rioeng-rioeng djeung mitra-mitrana, Neng Eha tara ditjandak. Sakapeung sok diadjak ngandjang ka noe katjida lomana, tapi Neng Eha teu kĕrsaeun. Djadi ari lain ka panglaladjoan atawa pĕlĕsir peuting mah tara babarĕngan. Lain koe teu hajang, ngan doeanana pada ngarti, teu kadoega ngoebrakeun hoekoem, teu ilahar di bangsa oerang mah kana pasamoan babarĕngan djeung kahadean tjara sarimbit.

Ngarĕp-ngarĕp mah Neng Eha teu wĕleh-wĕleh, hojong geura loegina, soepaja bisa nikah ka Den Kosim. Atoeh ieu teu tjitjingeun, ihtiar, tataros ka ditoe-ka dieu. Hajang tjara batoer boemen-boemen djeung geureuha.

Kagĕnĕp boelanna aja di Kĕbonsalak brĕk Neng Eha teu damang. Dimemenan koe Den Kosim djeung saderekna tea teu asa djeung djiga. Sanggeusna dipariksa gĕtihna koe doktor, kasawatna sidik menter (typhus). Saoer doktor noe katĕrap kasakit kitoe koedoe dioeroes di roemah sakit. Sapĕrkara ngadjaga bisi tepa kasakitna, kadoeana moelasara noe katĕrap menter teh hese, koedoe koe noe njaho, sarta saban poë koedoe katalingakeun koe doktor. Atoeh Neng Eha dititirahkeun ka roemah sakit. Kasawatna pajah. Oenggal sore Den Kosim ngalajad sakapeung sok barĕng djeung saderekna. Poë Ahad ngalajadna doea kali, tĕngah poë djeung pasosore. Bidjil ti kamar noe teu damang, Den Kosim mindĕng ngalimba, njoesoetan tjisotja, sabab noe teu damang ngalĕmpreh bae, sakapeung sok rarat-reret, tapi sĕmoe noe teu wawoeh ka noe ngalajad, malah sababaraha kali kadjadian, waktoe dilajad keur sasar, sasaoeran pĕgat-pĕgat, teu poegoeh alang oedjoerna, teu matak kaharti koe noe ngaroengoe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

Den Kosim barĕmpag djeung saderekna, ngawartosan sĕpoehna di Tjiandjoer, salĕmpang ningal sareatna noe teu damang.

Iboena djeung djoeragan Tedja, oeana, aja soerat kitoe-kitoe teh riwih-rawah nangis, ngan djoeragan Kalipah kalah bĕndoe. „Tah kitoe djĕlĕma doraka mah. Keun sina karasaeun. Moal djamoega djĕlĕma teu noeroet ka kolot teh," saoerna bari baeud, soerat dikepeskeun.

„Saha andjeunna noe njoeratan teh ?" saoer istrina.

Djoeragan Kalipah : „Setanna, noe mamawa teu poegoeh."

Djoeragan Tedja : „Koemaha ari pamanna, Den Kalipah, tĕrangeun kitoe ?"

„Doeka atjeuk, da teu aja sĕrat-sĕratna. Kawasna teu tĕrang-tĕrangeun atjan, di mana ajana."

Djoeragan Tedja : „Emoetan atjeuk mah, Den Kalipah, bisi ĕnja Saleha pajah, koemaha moen pamanna sina ngaboektikeun ?"

Djoeragan Kalipah : „Ah, keun bae, dek paeh dek hiroep, koema dinja."

Istrina : „Meudjeuhna rek kitoe kasaoeran oge, da teu ngaraos ngangandoeng, teu kageuleuhan teu kakeumeuhan. Goreng anak, hade anak, abdi mah rek neang."

Djoeragan Kalipah : „Wah, anak doraka, keur naon ?"

Istrina boeringas, tjisotja rambaj, njĕngor ka tjaroge : „Wah-wah-wah-wah, geus paeh mah kadoehoeng, teu papanggih heula."

Djoeragan Tedja : „Tjek atjeuk mah, Ĕmot, koedoe disidikkeun heula, oelah roesoeh."

Nji Kalipah : „Ah, abdi mah endjing bade ka Bandoeng."

Djoeragan Kalipah : „Montong, rek nanaonan."

Nji Kalipah : „Wah, moal beunang ditjarek. Hiroep hajang neuleu hiroepna, paeh hajang neuleu paehna. Lamoen bareto teu dipaksa piroesa mah, moal ĕnja teuing nĕpi ka kakaboeran kitoe."

Djoeragan Kalipah geus kĕkĕrot waosna, tapi teu koengsi pok sasaoeran kapĕgat koe djoeragan Tedja.

„Ajeuna mah Den Kalipah, mĕnding enggal njĕratan ka pamanna. Tjat koe kitoe, tjat koe kieu oge, geus meunang walonan mah poegoeh pikiraneunana."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Djoeragan Kalipah : „Ah, teu pĕrloe, Atjeuk."

Djoeragan Tedja : „Ih, Den Kalipah, oelah ngagoegoe napsoe. Sagalak-galaking matjan, tara njatoe anak, tjek paribasa. Boeroeng paloeng anak oerang, koedoe wae dirawatan. Sae-awon oerang kababawa. Oerang loeloeasan moal disĕboet sae. Koemaha meureun diomongkeunana koe batoer."

Djoeragan Kalipah : „Nja eta Atjeuk, rai teh isin koe Goesti Noe Mahasoetji, isin koe djĕlĕma."

Djoeragan Tedja : „Dasarna mah nji Saleha teh teu, teu awon, ngan oerang makihikeunana teu soeroep djeung lĕlĕmboetanana."

Sabot tjaroge tjarios djeung saderekna, nji Kalipah mah sasadiaan keur tjandakeun ka Bandoeng, moengkoesan dodol, wadjit, angleng. Nji Ikĕm dipiwarang ka pasar njiar seureuh djeung sajoeran.

Djoeragan Kalipah ngahoelĕng lila pisan, moelak-malik galihna, ahirna tjotjog kana kasąoeran dahoean. Saoerna salĕbĕting manah: „Ĕmh, moen anak aing ngala ka oeana, meureun tiis pikir aing. Soegan tea adina tjara lantjeukna."

Djoeragan Tedja angkat ti pajoeneun djoeragan Kalipah, ngabantoean noe sasadiaan rek ka Bandoeng.

.....

Pasosore iboe Neng Eha disarĕngan koe rajina istri pamĕgĕt angkat ka roemah sakit di Rantjabadak, rek ngalajad poetra. Ti lawang keneh mariksakeun ka pagawe roemah sakit. Kabĕnĕran tĕpang djeung mantri istri noe nĕrangkeun sarta kĕrsa ngadjadjapkeun nĕpi ka pengkolan. Andjeunna mah tĕroes, keur aja padamĕlan meureun. Ari noe rek ngalajad ditoedoehan djalanna sarta ĕngke koedoe mariksakeun deui ka noe ngadjaga made [1] istri.

Gantjangna geus kapanggih. Ari gok tĕpang, iboe Neng Eha teu kiat nahan, ngagĕro bari ngarontok, tapi geuwat diboeroe koe noe ngadjaga, istri poerah ngoeroes noe gĕring, noe ngalajad teu meunang gareuwah. Atoeh iboe Neng Eha mani tibĕbĕrĕgeg nahan andjeun, soepaja nangis oelah njowara. Anoe doeaan deui

[1]) made = roangan gĕde (zaal Walandana).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

pada ngalimba. Neng Eha katjida soekana kawasna dilajad teh mani koesah-koseh hojong tjĕngkat goegoep, tapi teu bisa. Disaoeran koe noe ngadjaga teu meunang maroedah.

Saoerna : „Ja Alloh, iboe, sarĕng Ajah ?"

Didjawab koe pamanna : „Ĕngke Ajah mah pandeuri. Ieu mah ĕmang djeung ĕmbi."

Neng Eha : „Ti saha oeninga, abdi aja di dieu ?"

Iboena : „Aja soerat ti dieu."

Neng Eha : „Soemoehoen, ti ĕngkang pangintĕn."

Noe ngadjaga geuwat ngadjak njarita ka noe ngalajad, njaritakeun pikaboengaheun, maksoedna soepaja noe gĕring oelah dibawa njarita.

Pok deui Neng Eha : „Iboe, ĕmang, ĕmbi, abdi njoehoenkeun dihapoentĕn dosa abdi lahir batin."

Didjawab koe sarerea : „Hampoera pisan. Didoakeun sing geura tjageur, geura djagdjag."

Geus kitoe mah djĕp djĕmpe teu aja noe sasaoeran. Noe ngadjaga ngaleos, nĕmpo noe sedjen.

Keur kitoe djol Den Kosim, rada ngarogo njampak aja noe ngalajad, toer teu wawoeh. Panjangkana sĕpoehna ti Tjiandjoer. Solongkrong wae ngadjak sasalaman ka paman Neng Eha, ka istri mah ngoenggoet wae tanda ngahormat, toeloej ngadĕg deukeut sampean noe teu damang.

Neng Eha beunta, saoerna : „Ĕngkang, eta Iboe sarĕng ĕmbi, ĕmang deui. Nĕmbe tĕpang, nja ?"

Den Kosim djeung noe tiloean silih reret. Salasaoeran di dinja ngan sakĕtjap, doea kĕtjap bae, kitoe oge ngagĕrĕjĕm, meh ngaharewos.

Nĕpi kana waktoena maroelih djoeng arangkat. Den Kosim njĕlang heula njabak taar djeung panangan noe teu damang saoerna : „Geus dilajad koe iboe mah, geura damang Ĕnoeng."

Neng Eha imoet bari moentangan kawas noe teu kĕrsa dikantoen.

Bidjil ti made eta Den Kosim ngagĕdig njoesoel noe arangkat ti heula. Lain arandjeunna bae noe maroelih ngalajad teh loba

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

deui noe sedjen oge, da waktoena boedal mani ngabroel aja poeloehna.

Geus di loeareun roemah sakit mah noe njararita hararoes deui.

Iboena Neng Eha ka Den Kosim : „Aden, parantos sabaraha dintĕn Eha di roemah sakitna ?"

Den Kosim : „Soemoehoen, sakoemaha noe dipihatoer dina sĕrat tea bae, katiloe minggoe ieu. Doegi ka dintĕn ieu teh dalapan wĕlas dintĕn."

Iboe Neng Eha : „Sanes kitoe Aden, meureun Aden mah oeninga ka salampah-lampah nji Saleha sabotna di Bandoeng. Tjing tjarioskeun ka ĕmbi."

Den Kosim : „Soemoehoen, naon tjarioskeuneunana, margi sakatĕrang, tara ka mana-mana, moeng di rorompok. Radjeun liar, sarĕng abdi."

Iboe Neng Eha : „Panasaran, seueur noe bade ditaroskeun, Aden, panoehoen ĕmbi, ajeuna oerang tĕras sarĕng ĕmbi."

Den Kosim : „Mangga."

Noe tiloean kana delman, Raden Kosim kana kareta-mĕsin. Soemping ka Lengkong, ka boemina paman Neng Eha tea, tĕroes salasaoeran pandjang. Koe Den Kosim ditĕrangkeun sabalakana ti mimiti tĕpang nĕpi ka broekna Neng Eha teu damang. Galantang deui iboena njarioskeun kitoe-kitoe lantaranana pangna aboer-aboeran. Den Kosim diwoeroekan, jen pĕta kitoe teh awon, ngalanggar hoekoem agama. Ditambahan deui diloeangan koe paman Neng Eha, djoeragan teekenar opnemer.

Den Kosim teu nampik kana dosana, tapi tjĕnah njieun pĕta kitoe teh kadjoeroeng koe asih sarta niat miĕnja. Tjatjakan moen lengoh mah tĕroes ditikah, moal lila-lila hahadean. Soepaja kagorengan oelah neumbleuh di andjeunna, hatoeran, nĕrangkeun, pikadjadianeunana istri noe aboer-aboeran teu aja noe ngarawatan. Ieu mah tjageurna, gĕringna poegoeh noe ngarasananana, hĕnteu dimomorekeun.

Nĕpi ka peuting, padoekdĕkan tjarios. Poetoesanana Den Kosim dinoehoenkeun kagĕtenanana, karoegianana ngarasanan noe gĕring, tapi dihoelag teu meunang tjampoer deui. Ĕngke dimana

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

kaloear ti roemah sakit. Neng Eha baris ditjandak ka Tjiandjoer koe jboena.

Den Kosim : „Sadaja-daja eta mah teu bade ngalalangkoengan sĕpoehna noe kagoengan wadjib, nanging sabot aja keneh di dieu di roemah sakit, moegi abdi oelah dilarang ngalongokan, soepados poetra oelah rĕntag, bilih brĕk deui karoegrag. Koe margi hatena tjoemantel ka abdi, sigana dilongokan oenggal dintĕn teh reugreug, agĕng pangharĕpanana tiasa mĕnjat deui."

Nji Kalipah : „Lah, bingoeng ĕmbi teh, dihoelag matak ka noe gĕring, kahartos koe ĕmbi ge, da ĕmbi oge awewe, ari ĕmbi ngantĕp, sasatna ngidinan, doraka, margi sami sarĕng nganteur ka noe salah, haram tjek agama. Tjing ki mantri, koemaha ieuh ?"

Mantri opnemer : „Manawi Atjeuk rĕmpag, kieu bae soegan. Atjeuk mah tĕtĕp oelah ngidinan kitoe, margi awon ngajoenkeun lampah poetra kana kalĕpatan. Doepi ka roemahsakit ngalongokan oerang pastikeun dintĕn Sĕnen, Rĕbo sarĕng Djoemaah. Tah dina waktos eta oelah tĕpang sarĕng Den Komis. Koemaha, oepami kitoe ?"

Nji Kalipah : „Tah, bĕnĕr, tjotjog, ngan koemaha oepama ĕngkangna ka dieu ?"

Mantri-opnemer : „Soemoehoen pastikeun bae, ngalajad ka roemah sakit kĕdah dintĕn Sĕnen, Rĕbo sarĕng Djoemaah."

Nji Kalipah : „Tah, kadangoe Aden. Djadi ti sĕmĕt poĕ ieu Aden koedoe pĕgat djeung anak ĕmbi. Tjenah aja djodo, koema ĕngke, geus beres, ajeuna mah oelah, pamali."

Den Kosim : „Soemoehoen, kahartos. Pĕrmios atoeh abdi bade wangsoel."

„Mangga," walon priboemi.

Bari toempak kareta-mĕsin Den Kosim ngalamoen : „Djadi heuleut sapoĕ aing neang teh, ngan Saptoe djeung Ahad noron. Ah, keun bae, da noe neang mah oenggal poĕ. Tah, ngan koemaha ĕngke, koedoe majar deui 50 perak, sapoeloeh poĕeun. Saha noe koedoe majar. Tapi ah, dek dibajar bae, da tamaha aing dika-roemah-sakitkeun. Ari papakeanana di imah koe aing koedoe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

dikoemahakeun ? Anteurkeun, ĕntong. Ah, dagoan tjageurna bae, koemaha tjek noe bogana."

Soemping ka boemina, nĕpi ka isoek teu koelĕm.

Dĕmi noe di Lengkong, goentrĕng njarioskeun noe gĕring sarĕng Den Kosim. Geus raong hajam kongkorongok kakara karoelĕm. Isoekna mantri opnemer ngiangkeun soerat ka Tjiandjoer.

Nampa soerat teh rama Neng Eha, hĕnteu rioek, toeloej wae ngawartosan ka dahoean, saoerna : „Atjeuk, jaktos si Saleha teh oedoer, naon tipĕs tjenah kasakitna."

Nadjan ĕnja ngan oea, tapi da Neng Eha katjoo, djadi asa ka poetra, kenging wartos teu damang teh, nangis. Sĕbroet deui ka Bandoeng, palaj ngalajad. Keur ongkosna dibelaan ngabobok tjengtjelengan.

Tamba teu hade tajohna djoeragan Kalipah koengsi ngalajad sakali, sabot Neng Eha di roemah-sakit teh. Waktoe dilajad koe ramana, noe teu damang geus bisa tjalik, njanda kana bantal.

Katjaritakeun sanggeus doea boelan titirah di roemah-sakit, Neng Eha ditjandak moelih ka Tjiandjoer koe iboena. Kasawatna geus damang pisan, ngan teu atjan djagdjag, salirana geus lingsig, damis tjaramihmil, tapi lintoeh teu matoet tea, kamboej. Ramboetna moerag, mani tjĕrĕwing, sanggoelna sagĕde moentjang. Tamba lingsĕm koe baroedak nganggo tioeng, hadena geus aja sarikat Patimah, djadi teu mintjoelak make koekoedoeng teh. Panganggona ti Kĕbonsalak katjandak.

Barang djol pisan soemping ka boemi, toeloej moeroe ngarawoe sampean rama, pĕrtobat bari njoeoeh. „Heug, koe Ajah dihampoera pisan sarta dipangnĕdakeun moegia maneh masing waloeja, dosa maneh noe ka toekang dihampoera koe Alloh ta'ala," saoer djoeragan Kalipah.

Plong manah Neng Eha molongpong, koe rama geus diangkĕn deui. Ramana atoeh boengah, wireh poetra kĕrsa pĕrtobat, nandakeun babalik pikir.

Dina waktoe noe salse diwoeroekan, koedoe pĕrtobat ka tjarogena. Getret njĕratan ka Koeningan, moendoet dihapoentĕn, sarta ditĕrangkeun sabab-sababna pangna ngadamĕl pĕta kitoe ka

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI Balai Pustaka

tjaroge. Toeloejna hatoeran pandjang pikeun kaloeloesan djeung para wargi, sabab tjarogena teh lain noe lian, wargi ti ramana. Moemoendělna eusina soerat mah moendoet diberesan, tina teu katoong baris loeloes, nadjan moelih deui oge, bisi matak seuseuiteun.

Kagalih koe tjarogena, ěnja teu ngeunah karaosna, mikadeudeuh, mikabeurat djělěma teu soekaeun, hatena montel ka noe sedjen. Kadjadianana masiat lahir batin, laki-rabi awet radjet, taja kasěnanganana. Soerat walonan hěnteu ditoedjoelkeun ka Neng Eha, tapi ka ramana, dibarěngan koe model D. Noe diarěp-arěp koe ramana lain eta, tapi dalah dikoemaha.

Sapěrti noe balik ka asal nji randa teu běger, damělna ngan ibadah, lěkět pisan tjara keur landjang. Pendekna njantri wae. Radjeun dibaranjolan koe istri deui, djawabna: „Keur kieu dikadarkeunana, teu tiasa ngalalangkoengan Noe Kawasa. Ka pajoen kari koemaha Noe Ngěrsakeun."

TAMAT.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Boekoe roman pĕtingan.

Wawatjan pipilih njiar noe leuwih ..... *f* 0,35
Karangan R. Tjandrapradja. Lalakon istri rajoengan. Sanggeus nikah ka noe pandeuri, oeroet beubeureuh meunang noegraha, ari manehna satĕroesna kasangsara.

Wawatjan Siti Pĕrmana ..... *f* 0,30
Karangan M. K. Mangoendikaria. Siti Pĕrmana geus papatjangan, aja noe mikahajang, tapi tĕtĕp pĕngkoeh, teu galideur. Dangdinganana pohara matak katadjina.

Wawatjan Rara Mĕndoet ..... *f* 0,40
Anggitan Margasoelaksana. Koeat mana kakawasaan djeung doeriat? Koemaha beuratna nahan doeriat katembong dina ieu boekoe.

Salah Atikan I — II — III. Hargana sadjilid ngan ..... *f* 0,20
Karangan Abdoel Moeis disoendakeun koe R. Satjadibrata. Dina ieu lalakon kagambar koemaha hiroepna nonoman kaajeunaan anoe pohara kasĕrĕpanana koe kakoelonan nĕpi ka aja manah ka ..... nona Indo. Loetjoe, rame, matak katadji.

Wawatjan Dipati Imbanagara ..... *f* 0,40
Karangan M. K. Hardjakoesoema. Lalakon Dipati Imbanagara anoe dihoekoem pati koe Soeltan Mataram, lantaran disangka aja kalĕpatan noe pohara hinana. Ahirna kanjahoan, jen Dipati Imbanagara teh teu kagoengan kalĕpatan, Poetrana didjĕnĕngkeun Dalĕm di Imbanagara.

Trĕsnasena djeung Nji Poetri Sĕdihäsih I-II. Hargana sadjilid ... *f* 0,70
Rekaan R. Memed Sastrahadiprawira. Njaritakeun anoe kapoekĕt koe doeriat, nĕpi ka teu ingĕt kana naon-naon, raga, njawa ditjadangkeun pikeun melaan doeriat, paribasa kadjeun lĕboer adjoer toetoempoeran, dapon tinĕkan panĕdja.

Wira Pakoentjen ..... *f* 0,70
Rekaan E. Natasoekarja. Mas Wira rek minantoean ka papada oerang kampoeng, tapi lila-lila pikirna robah, hajang minantoean ka menak, nĕpi ka ngawinkeunana ka oerang kampoeng tea bĕdo. Ahirna anakna kalĕlĕban koe kabogoh, nĕpi ka hanteuna.

Paeh di popotongan ..... *f* 0,65
Karangan M. K. Hardjakoesoema. R. Margasoengkawa asalna tjatjah, boga pamadjikan ka menak, nĕpi ka njĕrahkeun pamadjikan noe ti heula. Ĕngkena kasangsara, nĕpi ka maot di popotongan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka